ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№130 (22.038) ● 2011 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 12, гъбж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м №41-РП

Дуней псом зыщызыубгъуа финанс кризисым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и финанс ІэнатІэмрэ экономикэм и ІэнатІэмрэ зэран кІаэзрыхуэхъур гъэмэщІэныжкІэ планым щыгъэзывахэр зэрагъэзащІэм кІыхьэІыу:

1. Къару ямыІэжу кІэлытэн:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м кІыдигъэкІа Унафэ №83-РП-м;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мазаем и 4-м кІыдигъэкІа Унафэ №7-РП-м;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуаугъуэм и 17-м кІыдигъэкІа Унафэ №57-РП-м;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм жпуэгъуэм и 19-м кІыдигъэкІа Унафэ №87-РП-м.

2. МыУнафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м №44-РП

1. 2010 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кІалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІар кІыхьэращыгъэжам кърикІуаэхэм якІо иткІэ хуагъэфэща увыпІэхэмрэ хухах ахьшэр зыхуэдизымрэ къэщтэм мы Унафэм и гуэдзэным эзритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм (Гертер И. К.) хуэгъэувыи «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кІалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я социально-экономикэ зыужьыныгъэм кІэрикІуэкІэр кІыхьэращыгъэ Хабзэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кІыдигъэкІа Унафэ №69-ПП-м ипкъ иткІэ муниципальнэ щІыналъэхэм дотацэу иратын папщІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухаха ахьшэм щыщу сом мелуан 48-рэ текІуэдауэ кІалытатхэм яхунутІыпщыну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кІалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ ящыщу социально-экономикэ зыужьыныгъэм кІэрикІуаэхэм якъэзыгъэнэ щІыналъэхэр зыубыдаэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Кубок зэІэпахыр, увыпІэ зэрытхэр зыубыдаэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым япэ, еТуанэ нагъыщэхэр зиІэ и дипломхэр етын.

4. МыУнафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м кІыдигъэкІа Унафэ №44-РП-мкІэ къыщыгъ

2010 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кІалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІар кІыхьэращыгъэжам кърикІуаэхэм якъо иткІэ увыпІэхэр зэрызэнагуэшар

Муниципальнэ щІыналъэм зэреджэр	УвыпІэр	Ахьшэу хуаутІыпщыр, сом мелуан
Яп э гупыр		
Бахъсэн кІалэ округ	яп э увыпІэ	10
Налшык кІалэ округ	еТуанэ увыпІэ	6
ЕТуанэ гупыр		
Шэджэм муниципальнэ район	яп э увыпІэ	10
Дзэлыкъуэ муниципальнэ район	еТуанэ увыпІэ	6
Ещанэ гупыр		
Бахъсэн муниципальнэ район	яп э увыпІэ	10
Тэрч муниципальнэ район	етІуанэ увыпІэ	6

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ІуэхущІапІэхэр щаухуэ, къыщагъэщІэрэщІэж

Бадзэуэгъуэм и 7-м республикэм и социальнэ ІэнатІэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ КъБР-м и Правительствэм и деж къыщызэрагъэпэща комиссэм и лэжьыгъэм Щэрэжь районым щыпищащ.

КОМИССЭМ хэтхэр япэу здэкІуар Балькъэр Ипщэ кІуэжьрэ. Абы дэт школитІым я щытыкІэр мыеІуэ къалытащ. Районым и социальнэ ІэнатІэм зегъэужьыным теухуауэ ягъэбелджылы Іуэхухэм хагъэхьащ сабийхэм папщІэ спорт джэгупІэмрэ футболымкІэ губгъуэ Іэрыщ щыкІумрэ ухуэныр. Къуажэ сымаджэщым и унащхьэр зэхъуэкІын, пэш кІуэцІкІэр зехьэн хуеІуэу къалытащ. Сымаджэщым и унафэщІыр Правительствэм и лІыкІуэхэм къельэІуащ санитар машинэ щхьэкІэ.

Правительствэм и УнафэщІыр яхуэзащ сабий кІыхьэхэхэуэ сымаджэщым щІэлъаехэми икІи езым къыбгъэдэкІ саугъэт тыгъэ яхуиІащ.

Правительствэм щыщу гупыр хьэрычэтыщІэхэм я мылькукІэ яуэхуэ спорткомплексым епльа нэужь, Гертер Иван республикэм бюджетым кІыхьэкІ мылькукІи защІигъэкъуэну кІыгъэгуГъащ. Районым администрацэм и Іэтащхьэ Темиржанов Махъты зэрыжиІамкІэ, куейм ис цІыхухэм ирагъэжьа Іуэхуфіы, зэдэІэпыкъуугъэ жьалатэуэхэм социальнэ Іуэхущапі э хэр щыуэхуеІыным, кІуэ пэтми щыщеужь. ПсапІэ зыщІэну хуейхэм псэуальапхьэхэр къащэу, кІуажь щІыналъэм и щІыналъэр яхуэхьэхри, щІащІагъэлІэхэм я нэІэ тету, къуажэдэхэм я кІаруклІэ социальнэ Іуэхущапі эхэр яхуэу. Апхуэдэу, Балькъэр Ипщэ, Зэрэгъыщ, Бабугент кІуажэхэм спорткомплекхэр щащІ.

Бабугент щыщ хьэрычэтыщІэ Османов Эльдар къуажэ администрацэм и деж мы зэманым къамыгъэсэбэпыж унэр къыщищэхужауэ, спорткомплексу зэрегъэпэщыж. Куей администрацэм и Іэг ащхьэ Темиржановым и лъэІукІэ, Гертер Иван Іуэхущапі эм дэІэпыкъунущ бэнакІуэхэр зыхуеину алэрыбгъурэ спорт ІэмэпсымэхэмкІэ.

Апхуэдэу, Бабугент макъамэ еджапІэ щауэ эну, абы дэт амбулаторэр, сабий интернатыр зэрагъэпэщыжыну унафэ ящІащ. Нэхьапэм интернатым Къэбэрдей-Балькъэрымрэ Кавказ Ищхьэрэм и ГъунэгъУ щыналъэхэмрэ щыщ сабийхэр щеджэу щытащ. Нобэ абы щыІэщ республикэм и унагъуэ хуэмышІэхэм кьыхэкІа ныбжьыкІэ 110-рэ. Интернатым и унафэщІ Кадыровэ Риммэрэ Темиржанов Махътырэ щІэлъэІуащ а щыкІуэхэм папщІэ кадет еджапІэ къаззэрыхьу ящІа кьыхагъэщащ ГъунапкъэхъумэкІэр абдеж ГъунэгъуУ зэрыщыІэр. Кьыхальхьа жэрдэмыр Правительствэм и Унафэщ ИгУ ирихьащ.

КъэпщытакІуэ гупым кьыльытащ районым зэрызиужьым и щыхьэту сабий куэд кьальхъу зэрыхьуар. Апхуэдэу щыщыткІэ, социальнэ ІэнатІэхэр егъэфІэкІуэн хуейщ. Псальэм папщІэ, сабий гъэсапІэхэр яхурикъуркъым. Гертер Иван зэрыжиІамкІэ, школхэм сабий куэд щыщІэмысыжкІэ, сабий гъэсапІэм пэшхэр хухахыу зэрагъэпэщыж хьунущ. А щыкІэм те ту шкопхэр хьума хъунуц, Іэмал кьыкъуэкІмэ, сабий гъэсапІэхэр яухуэнущ. Пэжщ, абыкІэ Іуэхур щыІэфІэмыкІ кьоХУ. Кьапщтэмэ, Бабугент къуажэм и сабий садым екІуалІэхэм щыщу нэхьыжь гупитІ школым ягъэІэпхъуэмэ, щыжеин, щышхэн, дерсхэр щрагъэкІуэжкІын пэш щхьэхуэу-щхьэхуэу яІянукъым. Абы кьыхэкІыу Гертер Иван унафэ ищІащ школым кьыпащІыхьынум и проектыр ягъэхьэзырыну.

Кьэрэ-Суу кьуажэ школыр сабий 240-рэ щІэхэунум тещІыхьа щхьэкІэ, екІуалІэр 56-рэ кьу дейщ. Абы и спортзалым Іэмэпсымэщ Іэхэр щыІэгъэвын, сантехникэмрэ уиащхьэмрэ зэхъуэкІын хуейуэ кьалытащ. Амбулаторэр зыхуеину ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэрэпэщащ, ауэ ар кьэхухьын хуейщ.

Безенги жылагъуэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и кьэфакІуэхэр зыхуэныкьуэ лъэпкъ фащэх зр ирагъэдыну, и пэшыр ягъэпщ хьуну, и Іуплъапі эр зэрагъэпэщыжыну унафэ ящІащ. Кьуажэм сабий гъэсапІэ зэримыІэм кьыхэкІыу, ныбжьыщІэ 300 щыщІэху ину, ауэ 97-рэ фІэкІа зэмыкІуапІэ щколым и пэш зыбжанэ сабий гъэсапІэм хухахьну зэгурыІуащ.

Къэщкъэтэу поселкэм дэт поликлиникэм и лъэгухэмрэ унащхьэмрэ зэрахьуэкІынущ. КъБР-м Ушынщагъэр хьуменымкІэ и министр Амщокьуэ Фатімэ кьыхэгъащащ абы щаухуа сымаджэщыр иригъкьуу Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэрызэрагъэпэщащ, Іэщіагъэлі Іэзэхэр зэрапІэр, районым и сымаджэхэм зыхуэныкьуэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыщыхуащІэр. КьэпщытакІуэхэм зэрыжиІамкІэ, абы псы жапІэхэр щыуэхэн хуейщ. Іуэхущапі эм и унафэщІым кьыхэгъащащ Щэрэдж куейр дохутыр 31-рэ зэрыхуэныкьуэр.

Гертер Иван журналистхэм я упщІэхэм жэуап щаритым, кьыхэгъащащ Щэрэдж районым щыщу здэщыІа Балькъэр Ипщэ, Бабугент, Кьэрэ-Суу, Безенги, Кьэщкъэтэу, Жэм тхьэлэ Ипщэ, Ищхьэрэ, Джэрпэджэж, Зэрэгъыж, Аушыджэр кьуажэжэм щыІэ социальнэ Іу эхущапІэхэм я щытыкІэр зэрымыІейр, щэнхабзэм зэрыщызрагъэужьыр, щыІуэпсыр зэрыщыкьулейр. Псом хуэмыдэу Правительствэм и Іэтащхьэм гуапэ щыхьуащ, кьэралым щымыгугъыу, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щылажьэ кьэрыІуэтыщІэхэмрэ кьуажэдэсхэмрэ зэкьуэуВдуэрэ социальнэ Іуэхущапі эхэр зэрыхуэр е зыхуей зэрыхуэгъазэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

«ЦІыхубэ бюджет»: егъэджэныгъэр

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 7-м Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкІэ и министр Фурсенкэ Андрей хэту еКІуэкІа видеоконференцыр техуауэ щытащ «ЦІыхухэм папщІэ егъэджэныгъэ Іуэхутхьэбзэу къэралым зэфІиГъэкІхэм трагъэКІуадэ бюджет ахьшэм фейдэуэ кьитым хэгъэхьуэнымкІэ кьалэнхэм». Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу а псальэмакъым хэтахэм кьагъэсэбэпащ «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэм и жылагъуэ Іуэхущапі эр. ЗэІущІэм кьыщаІэтащ егъэджэныгъэм р щІэныгъэмрэ зегъэужьынымкІэ кьэуэ кьалэн нэхъ гуГъуэр. Видеоконференцыр хеубыдэ «ЦІыхубэ фронтым» и лІыкІуэхэр кьрихьэлІэу зэхьэрыпльа и бюджетым и ахьшэр кьызэрагъэсэбэпым техуха зэІущІэхэр федеральнэ министрхэм ирагъэкІуэкІыну УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир кьыхилхьа жэрдэмым пыщІауэ зэфІагъэкІхэм.

Нэхъ япэкІ щыпхуэдэ видеоконференцэр УФ-м финансхэмкІэ и министр Кудрин Алексей, УФ-м узынщагъэр хьумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Голиковэ Татьянэ сымэ хэту еКІуэкІащ.

«ЦІыхубэ бюджетым» теухуа псалъэмакъым зэщхьэщыхьуэ федеральнэ, щІыналъэ, муниципальнэ унэтІыныгъэхэр и Іэнущ. Іуэхум зэрелльыр кьыхалъхьэнущ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэм хэтхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм.

ИВАНОВЭ Вячеслав.



Абхъазым и ЛІыхъужь Бэгъэпщ Сергей

АБХЪАЗ. *Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Анкрав Александр и унафэкІэ Абхъазым и етІуанэ президент Бэгъэпщ Сергей Абхъазым и ЛІыхъужь цІэр фІащащ, «ПщІэрэ ЩІыхьрэ» орденым и япэ нагъыщэр - къэрал дамыгъэ нэхъыщхьэр - хуагъэфащащ.*

Фигу къэдгъэКІыжьыщи, Бэгъэпщ Сергей 2005 гъэм президент къулыкъум пэрыуваш, нэгъабэ етІуанэу хахьжауэ щытащ. Абы и президентыгъуэм республикэр къэралыгъуэ щхьэхуит хьуащ. Мы гъэм накъыгъэм и 29-м ар дунейм ехыжащ. Бэгъэпщ Сергей хуэзфІэкІ кІыгъэнакъым абхъазхэм я лъахэм и щхьэхуитныныгъэм, абы и зыужьыныгъэм папщІэ. Ар зи фэеплъыр мыкІуэдыжьын, зи цІэр тхыдэм кьыхэна хэкуэлІ нэсщ. Абхъазым и ЛІыхъужь цІэр фІащащ Кодор аузым и пщэ Іыкуэр куржьэм кьаззэрыІэщІигъэкІыжам, Абхъаз Республикэр зэрызэфІигъэувэжам папщІэ. «ПщІэрэ ЩІыхьрэ» орденыр и пэш зыбжанэ сабий гъэсапІэм хухахьну зэгурыІуащ.

Къэщкъэтэу поселкэм дэт поликлиникэм и лъэгухэмрэ унащхьэмрэ зэрахьуэкІынущ. КъБР-м Ушынщагъэр хьуменымкІэ и министр Амщокьуэ Фатімэ кьыхэгъащащ абы щаухуа сымаджэщыр иригъкьуу ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэрызэрагъэпэщащ, Іэщіагъэлі Іэзэхэр зэрапІэр, районым и сымаджэхэм зыхуэныкьуэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыщыхуащІэр. КьэпщытакІуэхэм зэрыжиІамкІэ, абы псы жапІэхэр щыуэхэн хуейщ. Іуэхущапі эм и унафэщІым кьыхэгъащащ Щэрэдж куейр дохутыр 31-рэ зэрыхуэныкьуэр.

Гертер Иван журналистхэм я упщІэхэм жэуап щаритым, кьыхэгъащащ Щэрэдж районым щыщу здэщыІа Балькъэр Ипщэ, Бабугент, Кьэрэ-Суу, Безенги, Кьэщкъэтэу, Жэм тхьэлэ Ипщэ, Ищхьэрэ, Джэрпэджэж, Зэрэгъыж, Аушыджэр кьуажэжэм щыІэ социальнэ Іу эхущапІэхэм я щытыкІэр зэрымыІейр, щэнхабзэм зэрыщызрагъэужьыр, щыІуэпсыр зэрыщыкьулейр. Псом хуэмыдэу Правительствэм и Іэтащхьэм гуапэ щыхьуащ, кьэралым щымыгугъыу, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щылажьэ кьэрыІуэтыщІэхэмрэ кьуажэдэсхэмрэ зэкьуэуВдуэрэ социальнэ Іуэхущапі эхэр зэрыхуэр е зыхуей зэрыхуэгъазэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Прохладнэ куей

ТекІуахэр щагъэбелджылы

Прохладнэ куейм щыІэхалъхьэжащ жылагъуэхэр зэІуэпэщ щІыным, гъэкъабзэным, щхьэцатІапІэхэр хэсным теухуауэ кІуэжь 19-м щрагъэкІуэкІа мазитІ лжьыгъэм кьрикІуар. Зыхэта гупхэм Кьэрэгъэщ, Учебиз, Малакановскэ жылагъуэхэр щытекІуащ.

КУЕЙМ мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и Іуэхущапі эм кьызэрыщыджаІамкІэ, бжьыпэр зыубыда кьуажэхэм ягъэзэщІащ мазитІ лжьыгъэм зыхуэхъэхьырымы, ар егъэкІуэкІыным теухуауэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм кьищта планым щыубзыхуэ Іуэхугъуэ псори. Кьапщтэмэ, абыхэм кьыхэрт щІыпІэхэр, гъуэгубгъуэм джьуэкІ мэз кусхэр, псыхъуэхэр, псы хъуманІэхэм я Іэшэгьашэхэр гъэкъэбзэныр, пхъэнкІий идзыпІэхэр гъэсениІ, жыгхэмрэ чыцэхэмрэ хэсныр, удз дахэ зехьэпІэхэр кьыхэгъащхьэкІыныр, газоныщІэхэр гъэбелджылыныр, гъуэгухэр, лъэс зекІуапІэхэр зэгъэпэщыжыныр, фэеплъхэр, кьуажэ кхъэхэр зыхуей хуэгъэзэныр, жылагъуэхэр зезыхьэну механизированнэ гупхэр кьыхьэлІэну щыІэныр.

Фигу къэдгъэКІыжьыщи, мазитІым кІуриубыдэу районым и кьуажэхэм автомобиль гъуэгубгъуэ километр 25-м, Балькъ псым и Іуфэу километр 16-м пхъэнкІийр щыІэщІакъуащ, мэз кусэу километр 12-м итырыгъуэхэр щыпапущІащ, пхъэнкІийуэ тонн 20-м нэблагъэ Іурагъэшащ, автомобиль гъуэгуу километр 20-м ябгъуэм декІуэкІ жыгхэм сэу ирагащ, жыгрэ чыцэу 1075-рэ хасащ, удз дахэхэр щыІэрахьну хьэсхэм метр зэбгъуэнатІэ 850-рэ хухахащ, фэеплъу 43-рэ, зыгъэпсэхупІэ паркыу 4 зыхуей хуагъэзащ, асфальт гъуэгу километр 70, мывэ гъуэгу километри 8 зэрагъэпэщыжащ, километр 18 щІэрыщІэу зэтес ящІащ.

Мы зэманым кьуажэхэм удзыкъэхэр щыпапущІ, пхъэнкІий идзыпІэхэр щагъэкъабзэ.

ЛУПЫРЁВЭ Ирин.

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Ди газетым бадзэуэгъуэм и 30 щІондэ Іэ тевдзэмэ, ар ныфІэрыхьэнущ щыщхьэІум и 1-м щыщІэдзауэ.

Мазитхум ди газетым и уасэщ соми 296-рэ кІэнпейкІэ 75-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапі эмэ псоми.

Ди индексыр 51531

Ливием дэІэпыкъуну?

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ ІэнатІэм кьызэритымкІэ, Китайм унафэ кьищтащ Ливием и лъэпкъым дэІэпыкъуну.

Дыгуасэ КНР-м и МИД-м и лэжьакІуэ Хун Лэй зэрыжиІамкІэ, а къэралым ирагъэщэжнущ юань мелуан 50 (ар США-м и доллар мелуани 7,8-рэ хуэдизмэхъу) и уасэ хьэлъэ.

- Ливием и лъэпкъыр кьызэрыхута щытыкІэ хьэлъэм нэхъ тыншу кьикІыным щыгугъыу, абы дэІэпыкъуну унафэ Китайм кьищтащ, -жеІэ дипломатым, арщхьэкІэ КНР-м и зы къулыкъущІэми зэкІэ зы щІыпІи кьищыхигъэщакъым а гуманитарнэ хьэлъэр Ливием зэрынащэсыну щІыкІэм я зыдэІэпыкъу Іуэныкъуэм теухуа хьыбар гуэр. Китайр зыдэщІыр Триполи щыІэ властыр ара, хьэмэрэ абы кьыпащІэтхэм кьызэрагъэпэща лъэпкъ советра (ПНС)? А упщІэм и жэуапыр Іуащ Іу зэкІэ Китайм и политикэм жаІакъым.

ЗэІущІэм яхуэкІуакъым

«RTBF» телеканалыр и тегъэщІапІэу, РИА НОВОСТИ хьыбарегъащІэ ІэнатІэм дыгуасэ кьызэритамкІэ, Европ союзым унафэ щыгъэгъэщы щыІэныкъ Польшэм идэрэкьым еврозонэм хьыхь хэсрал 17-м финансхэмкІэ я министрхэм я зэІущІэм хэтыну. Ар абы иригъэбзагъат Европгулым и унафэщІ, Люксембургым и премьер-министр Жан-Клод Юнкер.

«RTBF» телеканалым кьызэритамкІэ, абы щхьэусыгъуэ хуохьу Европгулым и зэІущІэхэм хэтмэ, абы хьыхь хэсрал куэдым я гуапэ мыхьуну Польшэм финансхэмкІэ и министр Ростовский Ян кьызэритыпэтр, - ар кьулыкъущІэм зэкъым зэрыжиІар.

Нэхъапэ Іуэхк Польшэм и премьер-министр Туск Дональд кьызэритэлъэгъуамкІэ, а къэралыр еврозонэм хьыхьэфырыкъым, Маастрихт зэгурыІуныгъэр (еврозонэм хьыхьэн папщІэ, къэралхэм яІэн хуей финансэкономикэ щытыкІэм и бжьыгъэхэр) зэрыхуэмыгъэзащІэм кьыхэкІыу.

- Маастрихт мардэхэм ди лэжьакІэр нэдгъэсмэ, еврозонэм дыкьохьанымы и ІуэхугъэщІэгъуэ къэтІэтыжынущ, абы ехьэлІауэ ди Іуэху бгъэдыхьэкІэм зихъуэжакъым, - жеІэ Туск Дональд.

Нобэр кьызэдэсым Польшэм трищІыхьу щытащ 2012 гъэм еврозонэм хьыхьну.

Судым ират

«РИА НОВОСТИ» хьыбарегъащІэ ІэнатІэм дыгуасэ кьызэритамкІэ, Осетие Ипщэм и президентым и Апаратым щыхьэт тхылъэр дуней псо судым щІилъхьэну егъэхьэзыр, Куржыр кьыщыгъуэм, ОБСЕ-м и Іуэхущапі эу Цхинвал щыІэр мамыру псэу щыхуэхэм я гащІэр хьумэным зэремыгугъуамкІэ игъэхуанщэу.

- Дэ тІощІэлъ щыхьэт тхылъэхэм кьызэрагъэлъагъуэмкІэ, 2008 гъэм и щышхьэІум зауэм щыщІидзам, ОБСЕ-м и Іуэхущапі эу Цхинвал щыІэм сабийхэри балигъэхэри щІагъэхьакъым, абы кьахъумэным щыгугъу екІуэлІати. А гущІэгъунщагъэр кьызыпкърыкІахэм жэуап яхьижьын хуейщ, - жеІэ ищхьэгъэр щІэлъкъ советра (ПНС)? А упщІэм и жэуапыр Іуащу зэкІэ Китайм и политикэм жаІакъым.

Абы кьелъытэ дунейпсо судым а Іуэхур кьыщахьыфыну, щапхъэуи кьэхь Боснием и мусульманэхэм ящыщу 1995 гъэм Сребреницэ щаучІахэм я жалымкІэ Нидерландэр зэригъэкъуанщэ унафэ мы гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м Гаага и судым кьызэрищтар. Голландием и батальону ООН-м хэтхэм я пщІантІэм дагъэхьатэхьым зи гъащІэр зыхьумэну кьекІуэлІа мусульманэхэщ. Ар дыдэращ ящІар ОБСЕ-м и Іуэхущапі эу Цхинвал щыІэм и зауэлІэхэм.

✎ **Скандинав къэралхэм ягъэлъапІэ Форд и махуэр**

ГуфІэгъуэр бадзэуэгъуэм и 12-м кьыщыщІадзауэ бадзэуэгъуэм и 14-м нэс іокІуэкІ.

✎ Мы махуэм (1943) Прохоровкэ жылагъуэм (Белгород область) и деж щекІуэкІащ Хэку заузшхуэм и танк нэхъ зэхуэдэ ин дыдэр. 1995 гъэм накъыгъэм и 3-м Прохоровкэ губгъуэм кьыщызэІуахащ ТекІуэныгъэм и мемориал комплекс.

✎ Илъэс 70 и пэкІэ (1941 гъэм и бадзэуэгъуэмрэ щыщхьэІумрэ) Алма-Ата кьыщызэрагъэщащ лъэпкъ куэдым щыщ заэпІкэр зыхэт 316-гъэ фочауэ дивизр. Москва и деж щекІуэкІа зэхэуэхэм хуабжьу кьахэжаныкІар. 1941 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м фІащащ а зэхэуэ гуащІэхэм хэжІуда и унафэщІ Панфиловым и цІэр. СССР-р лъэпэжа иужь, Кьыргызыстан Іэщэкіэ зэщІэуэзда кьарухэм кьахэхащ. 2003 гъэм кьыщыщІэдзауэ щыІэжкъым.

✎ Илъэс 70 и пэкІэ (1941)

СССР-мрэ Инджылызымрэ я правительствэхэр зэгурыІуащ зэгъэуэу Германием и дзэм пэщІэтыну. Ар фашистхэм я бий коалицэ кьызэрэпэщыным теухуауэ яча япэ лъэбакъуэхэр ящІащ.

✎ Илъэс 300 и пэкІэ (1711) Прут зекІуэр кьызэмыкъуэлІа Урысейм Тыркум Яссы кьалэм и ГъунэгъуУ щрищІыпІа зэгурыІуныгъэм и фІыгъэкІэ урысейхэм я дзэр яхуэмэжьфащ.

✎ Илъэс 235-рэ и пэкІэ (1776) Кук Джеймс зи унафэщІ «Резолюшен», «Дискавери» кьуьлкър иужь зекІуэ ягъэкІащ. Абы кьызэІуихащ Гавае архипелагым щыщ хьтІыгу зыбжанэ. 1779 гъэм щІыпІэм щыпсэу цІыкІухэм щезэуэм кьальхъащ.

✎ Илъэс 85-рэ и пэкІэ (1926) Совет Союзым щыІапІэ трактор заводым и лъабжьэр Сталинград щагъэтІыльащ.

✎ 1641 гъэм Астрахань хъанэдзэм Балькъ и деж щриГъэкІуэкІа зауэм хэкІуэдащ Къундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдарэр.

✎ 1947 гъэм щыщІэдзауэ Адыгэ Республикэм и Президент **ТхьэкІушынэ Аслъэндэрий**.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteoonoti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, ноб Налшык мащІэу уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм гradус 24-м, жащым - градус 19-м нэсынущ.

Подготовил материал **ГЪУЩІО Заирбий.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бдзэжьейм хъумпІэцІэдж ишхынкІи мэхъу, хъумпІэцІэджым бдзэжьей ишхынкІи мэхъу.

● Дыгуасэ

СурэтырКЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

ЩІалэгъуалэр кърагъэблагъэж

Псыхуабэ къалэм щызэхэт «Мэшыкъуэ-2011» лагерым и ящэ зэхуэсым щыІа щІалэгъуалэр дыгуасэ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и щІэр зезыхьэ утым къыщрагъэблагъэжащ.

АБы КЪРИХЬЭЛІАЩ КъБР-м щІалэгъуалэ Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Пащты Борис**, щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ министерствэм и департаментым и унафэщІ **КІурашин Анзор** сымэ, министерствэм и лэжьакІуэхэр.

Пащты Борис жиІащ щІалэгъуалэм зэраІущІэр зэригуапэр, ахэр зы унагъуэм хуэдэу зэкъуэт хэуну зэрыщыгугъыр. «Ауэ сытми зэманыр вгъакІуэ мыхъуу, пщІэ иІэу ди республикэр зэрывгъэльэгъуар куэд и уасэщ. Зэхьэхьэм утыку кьищифхьа прокъхэр гъащІэм хэтхьэну щытхъу тхылъхэр кьратащ. Апхуэдэ ехъуЛэныгъэ зэрыдиІэр я фІыщІэщ республикэм и Правительствэми лагерым щыІа щІалэгъуалэми.

Я зэфІэкІ ягъэлъэгъуэну, нэгъуэщІ республикэхэм щыщ щІалэгъуалэр зрагъэщІыхуну Іэмал къызэрыратам папщІэ, утым щызэхуэсахэм фІыщІэ хуащІащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Пащты Борисрэ ар зи унафэщІ министерствэм и лэжьакІуэхэу зэхьэхьэр къызэрэгъэпэщахэм.

БАЦЭ ФатІимэ.

Щ І а л э г ъ у а л э р к ъ р а г ъ э б л э г ъ э ж

Псыхуабэ къалэм щызэхэт «Мэшыкъуэ-2011» лагерым и ящэ зэхуэсым щыІа щІалэгъуалэр дыгуасэ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и щІэр зезыхьэ утым къыщрагъэблагъэжащ.

АБы КЪРИХЬЭЛІАЩ КъБР-м щІалэгъуалэ Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Пащты Борис**, щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ министерствэм и департаментым и унафэщІ **КІурашин Анзор** сымэ, министерствэм и лэжьакІуэхэр.

Пащты Борис жиІащ щІалэгъуалэм зэраІущІэр зэригуапэр, ахэр зы унагъуэм хуэдэу зэкъуэт хэуну зэрыщыгугъыр. «Ауэ сытми зэманыр вгъакІуэ мыхъуу, пщІэ иІэу ди республикэр зэрывгъэльэгъуар куэд и уасэщ. Зэхьэхьэм утыку кьищифхьа прокъхэр гъащІэм хэтхьэну щытхъу тхылъхэр кьратащ. Апхуэдэ ехъуЛэныгъэ зэрыдиІэр я фІыщІэщ республикэм и Правительствэми лагерым щыІа щІалэгъуалэми.

Я зэфІэкІ ягъэлъэгъуэну, нэгъуэщІ республикэхэм щыщ щІалэгъуалэр зрагъэщІыхуну Іэмал къызэрыратам папщІэ, утым щызэхуэсахэм фІыщІэ хуащІащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Пащты Борисрэ ар зи унафэщІ министерствэм и лэжьакІуэхэу зэхьэхьэр къызэрэгъэпэщахэм.

БАЦЭ ФатІимэ.

Ди индексыр 51531

2011 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым и Iуэхуи Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2011 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкIэ - республикэ бюджетщ) гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъэльагъуэ отчет лъэхъэнэм кьриубыдэу республикэ бюджетыр хэхъуэхэмкIэ сом мин 5283446,6-кIэ, ильэс плиным процент 25,8-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар, абы щыщу налог хэхъуэхэр сом мин 1741215,7-рэ, налогыщ щымыт хэхъуэхэр сом мин 221435,6-рэ, ямыпшынэжыну кьаIэрыхьа ахъшэр сом мин 3320795,3-рэ зэрыхъур.

Республикэ бюджетым и хэхъуэ Iыхьэр 2010 гъэм и ипшынэ ельытауэ сом мин 82141,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ (абы зэрыхэхъуэ пчыпщIагъыр процентыр 101,6-м нэсащ), абы щыщу финанс дэIэпыкъунагъэхэр хэмыту кьаIэрыхьа хэхъуэр сом мин 571481,3-рэ (процентыр 141,1-рэ) мэхъу. Ямыпшынэжыну кьаIэрыхьа хэхъуэхэм якIэрыхуащ икIи ахэр сом мин 489440,0-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ (процент 87,2-рэ). Финанс дэIэпыкъунагъэр хэмыту республикэ бюджетым кьыIэпхъуэ хэхъуэхэр нэхъыбэ щIэхъуар налог хэхъуэхэр сом мин 390692,0-кIэ (хуэдэ 1,3-кIэ), налогхэм щымыщ хэхъуэхэр сом мин 180789,3-кIэ (хуэди 4,4-кIэ) зэрыхэхъуащ.

Отчет зэманым кьриубыдэу республикэ бюджетым кьыIэрыхьа налог хэхъуэхэм я хэкIыпIэ нэхъыщхьэу щытар акциизэр зытехуэ товархэм кьапэкIэуэрщ, цIыху щхьэхуэхэм кьаIэрыкIэ хэхъуэхэм тралъхьэ налогхэрщ, органигацIэхэм кьаIэрыхьэ хэхъуэхэм тралъхьэ налогхэрщ, мыпкъым тралъхьэ налогхэрщ. Отчет лъэхъэнэм кьриубыдэу акциз зытехуэ товархэм кьапэкIуа ахъшэр сом мин 766828,8-рэ е ильэс плиным и процент 20,8-рэ хъуэ щытащ. ЦIыхухэм кьаIэрыхьэ хэхъуэхэм кьыхэкI налогыу япэ мазищым кьриубыдэу республикэ бюджетым сом мин 389362,1-рэ е ильэс плиным и процент 20 кьыхалъхьащ. ОрганизацIэхэм я хэхъуэм теухуа налогыу сом мин 309229,8-рэ е ильэс планым и процент 20,8-рэ кьаIэрыхьащ. «Мылкым теухуа налогхэр» гупымкIэ республикэ бюджетым 2011 гъэм и япэ мазищым кьыIэрыхьар сом мин 187716,2-рэ е ильэс планым и процент 21,6-рэ мэхъу.

2011 гъэм и япэ мазищым и хэщIкэр сом мин 3838768,6-рэ е ильэс планым и процент 17,6-рэ хъуэ щытащ. А бжыгъэ псоми ятещIыхьауэ кьапщтэмэ, отчет зэманым кьриубыдэу республикэ бюджетыр зэрагъэзэщIам и кьыдигъэкIуам сом мин 1444678,2-рэ).

ИщхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуаэхэм якIэ иткIи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. 2011 гъэм и япэ мазищым республикэ бюджетым зэрагъэзэщIам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетыр кьэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ етын:

1) подряд Iуэхущ1эпIэхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэмрэ ягъэзэщIа Iуэхуитхьабзэхэмрэ япэкIуэу зэтрихьа кредиторыр щIыхьыныжыныр кьызэгурыгъэпэщынэу;

2) республикэ бюджетым и хэщIкэр зыхуэтIыпщ мурадхэм, экономикэ, ведомствэ кьаIэнхэм ятещIыхьауэ зэгъэуIуауэ кьэгъэсэбэпа хъунымкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэр зэфIигъэкIыну.

Мы Унафэр зэрагъэзащIам кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м
№832-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м ***№362-рп***

Бюджет мылькур зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпын икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет Iуэхущ1эпIэхэр зэблэу кьыхэмыкIыу ерыскьыпхъэхэмкIэ (социальнэ шхыныжмкIэ) кьызэгъэпэщын мурадкIэ социальнэ шхапIэхэм папщIэ ерыскьыпхъэхэр кьэщэхунымэ теухуа кьэрэал сату зэпеуэгъэ щрагъэкIуэкIкIэ ерыскьыпхъэхэм я уасэхэм кIэлъыплъын республикэ комиссэ кьызэгъэпэщын мы кьыкIэлъыкIуэхэр хэту:

Абрэдж I. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(комиссэм и унафэщIу)*

Ерчэн Т. Хьу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщым и къуэдзэщ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкIэ и министрыр

Уэлджыр Ж. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ТарифхэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщIыр

Къаздэхъу А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр

Псанаев Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIыр *(комиссэм жэуап зыхь и секретарщ)*

Къудей Р. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыкуэйкэм папщIэ заказхэр хэгъэшэныжмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщIыр

Мусуков А. TI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатымкIэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министрыр

ЦIыхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м ***№363-рп***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр зэрекIуэкIыр мазэ кьэс кьэпщытэн папщIэ лэжьакIуэ гуп кьызэгъэпэщын мы кьыкIэлъыкIуэхэр хэту:

Абрэдж I. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(лэжьакIуэ гупым и унафэщIыр)*

Мусуков А. TI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатымкIэ и министрыр *(лэжьакIуэ гупым и унафэщым и къуэдзэщ)*

Гъащэ А. А. - Кьэрал статистикэмкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Щыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуаэ)*

Евтушенко С. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, связымрэ информатизацIэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Къаздэхъу А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щыхуэхэр лэжьапIэхэр зыкъэзгъэпэщыныжмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщIыр

Кьулътырбей Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Сунш I. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъэзыр хозяйствэмкIэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министрыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м ***№365-рп***

Бжыгъэхэм ятещIыхьа лъабжьэ зиIэ кьэрал телевещанэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыухуэным пыщIа кьызэрэпэщыныгъэ Iуэхуэр дзгъэкIын мурадкIэ:

1. Бжыгъэхэм ятещIыхьа лъабжьэ зиIэ кьэрал телевещанэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыухуэным зыщIагъэкъуэн папщIэ ведомствэхэм эздай лэжьакIуэ гуп кьызэгъэпэщын икIи абы хэтхэр кьэщтэн мы унафэм и гуэдзэщIэ зэратым хуэдэу.

2. ЛэжьакIуэ гупым яхуэгъэзывын бжыгъэхэм ятещIыхьа лъабжьэ зиIэ кьэрал телевещанэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыухуэным зэрекIуэкIыну ятещIыхьа лъабжьэ зиIэ кьэрал телевещанэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыухуэным зыщIагъэкъуэн папщIэ ведомствэхэм эздай лэжьакIуэ гуп кьызэгъэпэщын икIи абы хэтхэр кьэщтэн мы унафэм и гуэдзэщIэ зэратым хуэдэу.

Унафэр зэрагъэзащIам кIэлъыплъыну и пщэм илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Улнаев К. Хь. - М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м кьыдигъэкIа Унафэ №365-рп-мкIэ кьыщтащ

Бжыгъэхэм ятещIыхьа лъабжьэ зиIэ кьэрал телевещанэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыухуэным зыщIагъэкъуэн папщIэ ведомствэхэм эздайуэ кьызэрагъэпэщ лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгурыIуэныгъэхэм ядэпсэжьынымкIэ и министрым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(ведомствэхэм эздай лэжьакIуэ гупым и унафэщIыр)*

Блакитный О. А. - генеральнэ подрядчикым - «Космос НТЦ» акционер обществэ зэIухам - и лIыкIуэр *(зэгурыIуаэ)*

Бочаров Ю. Н. - Связьмрэ цIыхуэ хъыбарегъащIэ Iуэхуэхэмрэ я Iэнатэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуаэ)*

Гергоков Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгурыIуэныгъэхэм ядэпсэжьынымкIэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствэхэм эздай лэжьакIуэ гупым и секретарщ)*

Гъубжокъуэ Ю. М. - «Кавказ Ищхъэрэм электричествэр щытезыгуащ щIыналъэ зэхуаку компание» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1эпIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуаэ)*

Евтушенко С. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, связымрэ информатизацIэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Жылау С. Н. - «Урысей телевидениэмрэ радиомрэ зыгъэлажьэ сеть» федеральнэ кьэрал предприятэ зэгуэтым и кьудамэм - «Радиомрэ телевидениэмрэ программэхэр кьэзыт Къэбэрдей-Балъкъэр центр» Iуэхущ1эпIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуаэ)*

Клименко С. В. - «Ипщэ федеральнэ округым и радиочастотнэ центр» федеральнэ кьэрал предприятэ зэгуэтым и Iуэхущ1эпIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуаэ)*

Конин В. А. - «Урысей телевидениэмрэ радиомрэ зыгъэлажьэ сеть» федеральнэ кьэрал предприятэ зэгуэтым и полномочнэ лIыкIуэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэр *(зэгурыIуаэ)*

Кьулътырбей Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Къумахуэ М. Л. - «Программэхэр кьэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» кьэрал Iуэхущ1эпIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуаэ)*

Лидзыдз Хь. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьэрал мылькыр зехьэныжмрэ щIы IуэхуэхмкIэ и министрыр

Сунш I. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъэзыр хозяйствэмкIэ и министрыр

Темиржанов М. О. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуаэ)*

Теребиленко Б. Н. - «Урысей телевидениэмрэ радиомрэ зыгъэлажьэ сеть» федеральнэ кьэрал предприятэ зэгуэтым и генеральнэ директорым и къуэдзэр *(зэгурыIуаэ).*

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Парламентым и гъатхэ сессием и нужьрей зэIущIэм ещанэ къеджэгъуэу кьыщащтащ «ЩыпIэхэр зэрагъэбелджылы щыкIэмрэ щыхэр хъунIэ папщIэу кьызэрагъэсэбэпыныр» я Iуэхуэ Iэ» республикэм и законыр.

Уней ящIи, жылагъуэ щIыналъэхэм хагъэхьи хъунукъым

● Пресс-конференцхэр

ЗЭХЫХЬэ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Къуэныпокъуэ Залымрэ** Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щыкIэ и комитетым и Iэтащхьэ **Iыхьэгу Хьэжмуридрэ** журналистхэм пресс-конференц кIэщI драгъэкIуэкIащ, законым нэхъыщхьэу хэпльхэм, гъэмахуэ хъунIэхэм ехьэлIа хабзэхэр зэрызэкIэлъагъэкIуэну щIыкIэм и гугъу ящIащ.

ЛIыхьэгу Хьэжмурид кьызэгурыгъэльэгъуамкIэ, Iэщ1агъэлIэгъ, щIэныгъэлIэхэр, республикэм и жылагъуэр, Зэгурыизыгъаlуэ комиссэм щыщхэр хэту а Iуэхум куэдрэ хэпльащ, ауэ нобэр кьызэдсым кIэухыу унафэ кьыхуагъэтакъым. Абы кьыхэкIыу гъунапкъэхэр зэрагъэнахуэ тхыльхэмрэ схемэмрэ я ягъэхьэзырым хуейщ. Адыгэ, балъкъэр, урыс лъэпкъхэм я лIыкIуэ комиссэм хэтхэр зэдзэрэзыуэ зым кьытеувыIэмэ, гъэмахуэ хъунIэхэм теухуа Iуэхуэм унафэ тэмэм ягъэтынущ.

- КъБР-м и Парламентым деж Зэгурыизыгъаlуэ комиссэ кьыщыщыгъэгъэпэщащ муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр щIэрыщIэу гъэбелджылыным тещIыхьа законопроектхэм хэпльэн щхьэкIэщ. Мы законыр муниципальнэ щIыналъэхэмрэ кьуажэ щIыпIэхэмрэ я гъунапкъэхэм я Iуэхуэм зыкIи ехьэлIакъым. Мыр гъэмахуэ хъунIэхэм хьихьэ щIыхэм я картэхьым, дэ абыхэм я схемэр дгъэбелджыла кьудеиуэ аращ. Республикэм и Парламентым кьищта апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр нэхъ къоэуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я сэбэн зыхэльхэр гъунэгъу зэхуещI, - кьыхигъэщащ Къуэшырокъуэ Залым. - Схемэр дызэрылэжьыну тхылъщ, щIыхэр инвентаризацэ щытщIкIэ нэхъыщхьэу дызригъэзэнрэ аращ. 2014 гъэм щIыщыIэм и 1 пщIондэ КъБР-м и Правительствэ комиссэм я Iуэхуэр зэфIихыщ. КьищынэмыщIауэ, хэжауэ кьыхэзгъэщIэхэхуэкIыну сыхуейт гъэмахуэ хъунIэхэм я Iуэхуэхэм зыкIи ехьэлIакъым. Мыр гъэмахуэ хъунIэхэм хьихьэ щIыхэм я картэхьым, дэ абыхэм я схемэр дгъэбелджыла кьудеиуэ аращ. Республикэм и Парламентым кьищта апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр нэхъ къоэуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я сэбэн зыхэльхэр гъунэгъу зэхуещI, - кьыхигъэщащ Къуэшырокъуэ Залым. - Схемэр дызэрылэжьыну тхылъщ, щIыхэр инвентаризацэ щытщIкIэ нэхъыщхьэу дызригъэзэнрэ аращ

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

«Си гур къызэтыж»

Юсеф ас-Сибан (1917 - 1978)

Азиемрэ Африкэмрэ я тхакIуэхэм я тхыгъэ кIыхьэхахэр щызэхуэхьэса библиотекэу томинцI хьум и иПэ тхьытыр - «Къуэкьылъ Гъунэгъум и къежьэхэм я тхыгъэ кIыхьэхахэр» щыхуиIэр - «Прогресс» тхьыть тедзапIэм Мэзкуу къыщыдэкIауэ щытащ 1978 гъэм. Ар щытрадзэ махуэхэм дунейм ехыжащ Юсеф ас-Сибан, а томыр зыгъэхьэзырахэм ящыщ щыр. Ар пщIэкIэ кьащта лъыкIын Кипрым 1978 гъэм щыIэщIэкIуэдащ. Хьэрыт тхакIуэ щIэрыIуэр икIи жылагъуэ зекьакIэщхьэр президент Гамаль Абдель Насер и ныбжьыгъуэ, и щIэгъэкъуэну щытащ, 1952 гъэм екIуэкIа бадзэуэгъуэ революцэм жыжьэру хэтащ.

Адыгэ мамлюкхэм къатепщIыкIыжа литератор цIэрыIуэр Сибан Мухьэмэд и унагъуэм 1917 гъэм къраТьхуащ Юсеф. ЩыцIыкIум къыщыщIэдзауэ ар дихьэхауэ еджэрт урыс, КъуэхьпIэ къэралхэм я классикхэм я Iудзэщэ щIэкIэм. Нпэс пщыпIуI щрикъум, ар адэжнщу къэнащ. Апхуэдэу щыхьум, Юсеф мурад пищащ и гъащIэр дзэм ирипхьну икIи дзэзешэ еджапIэм щIэтIысхьащ. Ар кънуха нэужь, мамлюк нэсхэм ещхьу, ар щуздзэм ыхьащ, иужькIэ танкыдзэм зритыжащ.

1952 гъэ революцэр къэхъеиным куэд имыIэжу, ас-Сибан ягъэув дзэм и музейм и нэхъыщхьэу, итIанэ Мысырым и танкыдзэхэм я унафэщIым и Iуэдзэу.

Лит епратурэмрэ гъуэдзкэмрэ ехьэлIа IуэхъухэкIэ щыIэ хасэм и унафэщIу ар хахаун щытащ 1956 гъэм. ИльясетI дэкIри, Азиемрэ Африкэмрэ я къэралхэм я зэакьылъэгъуныгъэм и зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу ягъэуващ икIи дуней екьыкьухьэ Аьрэбыр Республикэм и тхакIуэхэм я союзым кьыдигъэкI «Ар-Рисалэ аль-Джадидэ», афроазиат тхакIуэхэм я Бюро сыт щыгъуи лажьэм и «Лотос» журнал цIэрыIуэхэм.

Ас-Сибан зы зэман пыухьыкIакIэ апхуэдэу и редактор нэхъыщхьэу щытащ Каир къыщыдэкI «Ахар сэIэ» журналым.

Жылагъуэ лэжьакIэ емышыжьым и гуащIэ куэд иригъэкIащ Азиемрэ Африкэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм я щхьэхуитныгъэм щIэзэуэ ираТьхьэкIуэ щIэныгъэ быдэу яхуIэным. МамырщIэкъу лэжьыгъэу абы иIэр кьаТьытэри, 1960 гъэм къратауэ щытащ Жолио-Кюри Фредерик и цIэкIэ щыIэ Мамырыгъэм и дыщэ медалыр.

Ас-Сибан мызэ-мытIэу щыIащ ди къэралым.

1947 гъэм Каир къыщыдэкIауэ щытащ Юсеф и новеллэхэр щызэхуэхьэса «Нэкьыфэщ Iэкъэ» жыхуиIэр. Абы и пэкIэ, 1933 гъэм къыщыщIэдзауэ, и тхыгъэхэр яриту щытащ Мусэ Сэлам къыдигъэкI журналIэм.

40 гъэхэм я кIэухым тхакIуэм Iэщщыб ещI и тхыгъэхэр нэхъ зыгтриухуэ я льагъуныгъэ зэрызехьэхэр, щхьэзакъуэ-пьакьуитI фаныгъэ и гъунапкъэм юбакъуэрэ, революционнэ романтизмым зрет, нужькIэ критическэ реализмым хуокIуэ.

«ФитIнэ лъапсэ» (1949) яп роману ас-Сибан итхар теухуащ 1952 гъэ революцэм и пэкIэ мысырлыхэм я гъащIэм и лъэныкъуэ зэмыIэужьыгъуэхэм. Урысыбзэкъ кьыдэпкIам и пэублэ псалъэм мыпхуэдэу щыжиIащ Юсеф: си романыр стхащ Мысырыр колониизаторхэм я лъэгуды-гъуэм щыщIэгурымыхь, лъэпкъ, социальнэ гъэпщIыIыныгъэхэм я лIэужьыгъуэ щIэгъэщхъуэ жаxэм щагъэтгуIэ, кIэ зимыIэ гъэпщIыIыныгъэм щитхьалэ гъэхъэнэм; мысырлыхэр я щхьжуитныныгъэм щIэзэуэу лъы щагъажэ, хуитныныгъэм, щакхъуэ IыхьэмI, щхьэщэрэщIэныгъэм, мамырыгъэм щыщIэбзэн зэманым».

Юсеф ас-Сибан и Iэдакъэ кьыщIэкIащ тхыльэ 50-м щIигъу, публицистикэ тхыгъэ куэд. Роман кьудеIуэ абы итхар 20-м нахърохьэс. Юсеф и тхыгъэ нэхъыкIфIхэр кьалыгъэ революционнэ романтизмыкIэ щыхьа романхэу «Си гур къызэтыж» (1955), «Гъуэгу кьэзыгъэзэж» (1958) жыхуиIэхэр, иджырей гъащIэм теухуа романхэр «Дэ ди закъуэкъым» (1969), «ЩащIэр - напIэ дэхьеигъуэщ», «Дэ банэ тсэркъым» (1973), Асуан псы IущIапIэр зэраухуам теуха пьесэ «Зэманым нэхърэ нэхъ лъэщ» (1966) зыфIищахэр, нэгъуэщIхэр.

«Си гур къызэтыж» романыр езы тхакIуэм и гъащIэм триухуащ. Абы къыщыщIэтэзгъуащ 1952 гъэ революцэр къыщыщхьеиныр лъхъэнэм мысыр офицерхэм я дуней еплъыкIэр зыхуэдар. «Гъуэгу кьэзыгъэзэ жыр» топсэльыкъ яп хьэрпI-журт зауэу 1948 гъэм екIуэкIам.

УрысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Юсеф и тхыгъэ зыбжанэ традзащ ди деж къыдэкI «Иностранная литература», «Огонёк» журналхэм.

Мэзкуу, Ташкент, Ленинград дэт тхылъ тедзапIэхэм дуней еплъыкIэ щхьэзыуэ ираТьхьэкIуэ «Псыхьэхъэ» (Псыхьэхъэ - «Фитинэ лъапсэ», «Дэ банэ тсэркъым» романхэмрэ рассказэр щызэхуэхьэса «ЦIыху угъурыщIэкэр» тхылъымрэ.

1974 гъэм ас-Сибан и литературэ гъэжьыгъэм хуагъэфэщащ щытащ «Лотос» саугъэтыр.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

1952 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м и пэкIэ Египтыр инджылыз империалистхэм я щIыналъэ. Абыхэм я льэгу щIэ тыху, ди къэралым лей, кIуэ аншагъэ и уэ щызэкIуащ, щIыхур гъэрыпIэм итауэ жыпIэ хьунущ. Ар фи нэгу щыщIэкIынущ си романым. Романыр щыстхар ди цIыхухэмрэ ди къэралымрэ фитIнэхэм, напэншэхэм, щхьэхуещэхэм я Iэмыщ1э щилъа зэманырщ, а зэманращ си романым фи нэгу щIигъэкIынур. ЩIэх зытрадзыфакьым хьэрпIхэм икIагъэм, кьфIыгъэм, залымыгъэм я бжьыр. Романым феджэмэ, фи пэкIэ фльагъунуц ди цIыхухэм ятельа бэлыхьымрэ абыхэм лейуэ кIэльыпэрахьамрэ.

Автор.



ПСЭ хущхьуэ сощэ. ЩыIахьуэр зэрысщэр. Хущхьуэр сэбэп кьыфхуэмыкIымэ, и уасэр кьыфIыхсынукъым». Сыт гъэщIэгъуэн! Кьыштщыдыхьэшхьи щхьэкIэ газетым апхуэдэ хьыбар щIытрадзар? ЖаIэри яIуатэуэ зэхэсхакъым апхуэдэ хьэдгъуэдахэ!

Си нэм сыщIоIуэтыхьри, аргуэру сопль. Хьэуэ: сыщIыуа хуэдэкъым: «Псэ хущхьуэ сощэ...»

Щ1эджагъ уашхэ сышха кьудейщ. ТхьэкIумэжьыхь лыб жьэ жьыбIэмэ, джэш IэпсэжьыбIэмэ, нащэ фIэIу жьыпIэмэ, си ныбэм из сщIащ, жьарбызи тесщыхьыжри, псы IэфIи тесфыхьыжащ.

Сышхэхьуащи, си жеин кьокIуэ. Щ1эджагъуэ жей сщыI си хабзэ т сышхамэ. Умыжей-мэ, апхуэдизэ шхын пху зГъэткIун?

Гъэ тыр къасцтэри, шордакъым сытетIыскащ. Жей кьыстеуащи, хьэрфхэр сфIыэхоэзрыхь, си щхьэм зыри къыхэкъым. Сыщхьурихэр сщIэжьыркъым. Сыкъэущыжри, шордакъым сыкьикIыжащ: «Сыщ1экIынщи, жьы зыщIеэгъэхунщ».

Тхьэмыщкlэ хьэблэщ сызыдэсыр, уэрамкэр зэвщ, унэхэр пьахьыщ. Жьагъуэ щIэрыщIащи, а зыр ди гурыфIыгъуэщ.

Жьыг жьауэм сыщIэзвэри, уэрамым сыдыхьащ. Си IэпкъпэкIыр псынщIэ хьужащ хуэм-хуэм урэ. Уэрамым и кIэм сынэсауэ, тыкуэн щыкIыр кьыслIэщIэ льэгъуащ. ПьащIэ гъуэнракъэ: мы хьэблэм игьащIэм сыдэсщи, тыкуэн щыкIым гу лъыстауэ сщIэжьыркъым. ПщIащ Iувым зэрызыихгъэпщкIуара хьунщ гу щIылъызмытар. Хэт мы уэрам эзым щэхуэкIуэ кьыдыкъэнур? Дыщэ пщэми, укьащIэнукъым, тыкуэным уэрам зэвым зыдиудыгъуащи.

Тыкуэным сыбгъэдэкIуэтащ. Кьэхьэуэ ефапIэм ещхьыкъым тыкуэн щыкIыр. Кьэхьэуэ ефапIэм и бжьыгъуэм щэнти Iэни щыIэхэтщ, етIысылIи, кьэхьуэфжьэ уефэху, бауэ. Мыр аракъым: щэнти Iэни щысльэгъуакъым тыкуэн бжэIупэм. Тыкуэн натIэм тет тхыгъэм си нэр хуэзащ: «Псэ хущхьуэ сощэ. Щ1ыхуэ уэщ зэрысщэр. Хущхьуэр сэбэп кьыфхуэмыхьумэ, и уасэр кьыфIыхсынукъым».

Бзаджэ гуэр хьунщ тыкуэнныр зейр! Щ1ыхур кьызэрыдишэхьнщ зэщэр, дауи. АпхуэдэкIэ кьыгъэпщIэфынIа и гуръэу пIэрэ? «ТIэкIу хущхьуэ хьунщ», - жьыслащ сигукIэ.

Хуэ тхуэхэмытми, сыт хуэхуIэхьу? Сыщ1ыхьэнщи, зэзгъэлъагъунщ. И щхьэм зыгуэр и мылажьэтэмэ, тыкуэнныр мыуэрам бэнэзвым кьыдигъэзвэнтжьым...

Сыщ1ыхьэри зыспIлъыхьащ. Кьэп щIэзщ тыку эным. Тыкуэнтетыр зы кьэпIыжь тесщ, и щхьэр кьыфIэхуэу. Лыжькъ гъурщ, зэщIэтхъуауэ. И жьакIэр и бынжэгум нос, абэ щыгъщ, лъахьстэн вакъэ плъыжьыбзэ лъыпIыуащ. Гу кьыслIытэри, лIыжьыр кьыдэпIьеащ. Кьэштауэ кьысфIэщIащ, кьыщыслIупIьэм. Тыкуэным щIыху кьыщIыхьэрей хьункьым - арагъэнщ кьыщIэщтар.

Сэлам ехуэри, сиувыкIыжащ: делэмэ, пщIэрэ? Хьэуэ, лажьэ иI хуэдэкъым, Iэсафэ дыдэ. Хьэмэрэ фэнэ зищIрэ? Кьызэбжьнуми, сщIэркъым, щхьухьспсыхь зэрихьэрэ зэримыхьэрэ хэт щыгъуаэр?..

Сопльри, адрей тыкуэнтетхэм кьаэзэрыщхьэщыI дэслащ къуркъым. Гъавэ зыщэм е, сэ сщIэрэ, Iэщым иригондэжьэрым кьыззэрыщхьэщыкIIауэ гу лыстакъым. Дауэ зэрыжесIэнур: «Псэ хущхьуэ сыхуейщ», - жьыслIэу? Сэракъэ итIанэ делафэ зэапIэнрэ?

«Сыхуэсакъыпэуэрэ кьыщIэз дзэнщ», - жьыслащ сипукIэ, делафэ зрезмыгъэпльын щхьэкIэ. Жьыжь кьыщIызубжьэн мурад сщIащ.

- Сыт хьыбар, тхьэмадэ?

- Хьэгъ, - жиIащ лIыжьым.

- Уэзыншагъэ сыт хуэ зда? - кьыхэслуащ ари, лIыжьыр си мынэIуасэ пэтрэ.

- Лажьэ диIэкьым. Тхьэм уигъэпсэу.

- Уи сатур сытым тет? КьохьуIэрэ?

- Ящэху щIагъуэ щыIэкъым.

- Сыт щIамыщхэр?

- Хэт ищIэн?..

- Уи хьыбар ящIэ хьункъым. Уи хьыбари уи хьэпшыпым и хьыбари ебгъэщIэн хуейщ щIыхум - абы куэд елытащ иджы.

- Сэ сщэм хуэмыныкъуэ щыIэжьым. Зэрыхуэныкуэр ящIэ псоми. Си хьыбари сщэм и бжьыгъуэм щэнти Iэни щыIэхэтщ, етIысылIи, кьэхьуэфжьэ уефэху, бауэ. Мыр аракъым: щэнти Iэни щысльэгъуакъым тыкуэн бжэIупэм. Тыкуэн натIэм тет тхыгъэм си нэр хуэзащ: «Псэ хущхьуэ сощэ. Щ1ыхуэ уэщ зэрысщэр. Хущхьуэр сэбэп кьыфхуэмыхьумэ, и уасэр кьыфIыхсынукъым».

Бзаджэ гуэр хьунщ тыкуэнныр зейр! Щ1ыхур кьызэрыдишэхьнщ зэщэр, дауи. АпхуэдэкIэ кьыгъэпщIэфынIа и гуръэу пIэрэ? «ТIэкIу хущхьуэ хьунщ», - жьыслащ сигукIэ.

Хуэ тхуэхэмытми, сыт хуэхуIэхьу? Сыщ1ыхьэнщи, зэзгъэлъагъунщ. И щхьэм зыгуэр и мылажьэтэмэ, тыкуэнныр мыуэрам бэнэзвым кьыдигъэзвэнтжьым...

Сыщ1ыхьэри зыспIлъыхьащ. Кьэп щIэзщ тыку эным. Тыкуэнтетыр зы кьэпIыжь тесщ, и щхьэр кьыфIэхуэу. Лыжькъ гъурщ, зэщIэтхъуауэ. И жьакIэр и бынжэгум нос, абэ щыгъщ, лъахьстэн вакъэ плъыжьыбзэ лъыпIыуащ. Гу кьыслIытэри, лIыжьыр кьыдэпIьеащ. Кьэштауэ кьысфIэщIащ, кьыщыслIупIьэм. Тыкуэным щIыху кьыщIыхьэрей хьункъым - арагъэнщ кьыщIэщтар.

Сэлам ехуэри, сиувыкIыжащ: делэмэ, пщIэрэ? Хьэуэ, лажьэ иI хуэдэкъым, Iэсафэ дыдэ. Хьэмэрэ фэнэ зищIрэ? Кьызэбжьнуми, сщIэркъым, щхьухьспсыхь зэрихьэрэ зэримыхьэрэ хэт щыгъуаэр?..

Сопльри, адрей тыкуэнтетхэм кьаэзэрыщхьэщыI дэслащ къуркъым. Гъавэ зыщэм е, сэ сщIэрэ, Iэщым иригондэжьэрым кьыззэрыщхьэщыкIIауэ гу лыстакъым. Дауэ зэрыжесIэнур: «Псэ хущхьуэ сыхуейщ», - жьыслIэу? Сэракъэ итIанэ делафэ зэапIэнрэ?

«Сыхуэсакъыпэуэрэ кьыщIэз дзэнщ», - жьыслащ сипукIэ, делафэ зрезмыгъэпльын щхьэкIэ. Жьыжь кьыщIызубжьэн мурад сщIащ.

- Сыт щIэмыхьунур? Епльъ. КьэпыщIэр тIэтащ.

Хьарзынэкъэ, тIэтамэ! СиIэбзурэ, кьэпзащ илыир зззгъэщIэнщ.

Зы кьэп сиIэбзащ: бжьын жьылэм ещхьыфэгу, зыгуэр ильщ - жьылэ фIыцIафэ. Iэбжьыб кьасщтэри зэпэсIлъыхьащ: гъункIэ ирикъуэуэ пIэрэ?

НэгъуэщI зы кьэпи сиIэбащ. Тхьу эбзащхъэм ещхьт абы илыир. Ещанэм шыгъум ещхьыфэ гуэр ислъэгъуащ. Зы кьэпи кьэзгъэнакъым - псоми сиIэбэуэрэ сеплащ. ЛIыжьыр кьыстэрыуакъым.

«Ищэр езыми ищIэжьаркъым, псэ хущхьуэ фIищауэ цIыхур кьегъапIэ», - жьыслIащ сигукIэ. Джэш зыщэм щыдэ ищэу кьыщIигъэхъуфынущ, хуеймэ. СызэрыщIнауэм гу лIыжьыр. Зы щыщ пщэжьнур, зиусхьэн?

Iэнкун сыхъури, кьэпхэм ящыщ зым си Iэпэр хуэсщи: - Мобы илыир сыт?

- ЛIыгъэ хущхьуэ илщ.

- ЛIыгъэ хущхьуэ щыIэ?

Апхуэдэ хущхьуэ щыIэ? ЛIыжьым зэрыхуэхэтыр си фIэщ хьуащ иджы!

Тыкуэнтетыр щыIэзэпIлъащ:

- ГушыдакIуэ укъэжьIамэ, зегъэхь. Апхуэдэ гукъыдэж сиIэкъым сэ. Иджыпсту схущIыхьэрыжьыкъым, итIанэ кьакIуи, сыбдэуэрщэрынщ.

Тыкуэным сыкъыщIэкIыжьым мурад сиIэтэжьым асыхьэтым. Мыпхуэдэ лIыжь дэнэ зущрихьэлIэжьым нужькIэ! Кьыззэрыгъэгъуэ ф зытезгъэуэри, лIыжьым жесIащ:

- ГушыдакIуэ сыкъэкIуэкъым, тхьэмадэ! Сыдуэхунщ уи гугъэ? Сыкьыщ1экIуар жьэр зэщIэтхамэ, я кьэпIыпым кьыпхущытхъунущ, хьэ вейри дыщэ кьыпщагъэхъунущ. КьагъэпцIэфым сащыщкъым сэ! «Куэд кьысхуебгъэкIуэкIынущ уэ!» - жьысIэри си Iэр кьэпхэмкIэ сшиящ: езым сызыжьрыреIэ кьэпым илыир.

- Зыгуэр кьэсщэ хунут...

ЛIыжьым и щхьэр ищIащ, «зыгуэр си сиIэщ» жьыхуиIэу.

- Сыт уиIэр?

- Псори сиIэщ, мащIэ-мащIэу.

- Сепль хьуну?

- Сыт щIэмыхьунур? Епльъ. КьэпыщIэр тIэтащ.

Хьарзынэкъэ, тIэтамэ! СиIэбзурэ, кьэпзащ илыир зззгъэщIэнщ.

Зы кьэп сиIэбзащ: бжьын жьылэм ещхьыфэгу, зыгуэр ильщ - жьылэ фIыцIафэ. Iэбжьыб кьасщтэри зэпэсIлъыхьащ: гъункIэ ирикъуэуэ пIэрэ?

НэгъуэщI зы кьэпи сиIэбащ. Тхьу эбзащхъэм ещхьт абы илыир. Ещанэм шыгъум ещхьыфэ гуэр ислъэгъуащ. Зы кьэпи кьэзгъэнакъым - псоми сиIэбэуэрэ сеплащ. ЛIыжьыр кьыстэрыуакъым.

«Ищэр езыми ищIэжьаркъым, псэ хущхьуэ фIищауэ цIыхур кьегъапIэ», - жьыслIащ сигукIэ. Джэш зыщэм щыдэ ищэу кьыщIигъэхъуфынущ, хуеймэ. СызэрыщIнауэм гу лIыжьыр. Зы щыщ пщэжьнур, зиусхьэн?

Iэнкун сыхъури, кьэпхэм ящыщ зым си Iэпэр хуэсщи:

- Мобы илыир сыт?

- ЛIыгъэ хущхьуэ илщ.

- ЛIыгъэ хущхьуэ щыIэ?

Апхуэдэ хущхьуэ щыIэ? ЛIыжьым зэрыхуэхэтыр си фIэщ хьуащ иджы!

Тыкуэнтетыр щыIэзэпIлъащ:

- ГушыдакIуэ укъэжьIамэ, зегъэхь. Апхуэдэ гукъыдэж сиIэкъым сэ. Иджыпсту схущIыхьэрыжьыкъым, итIанэ кьакIуи, сыбдэуэрщэрынщ.

Тыкуэным сыкъыщIэкIыжьым мурад сиIэтэжьым асыхьэтым. Мыпхуэдэ лIыжь дэнэ зущрихьэлIэжьым нужькIэ! Кьызэрыгъэгъуэ ф зытезгъэуэри, лIыжьым жесIащ:

- ГушыдакIуэ сыкъэкIуэкъым, тхьэмадэ! Сыдуэхунщ уи гугъэ? Сыкьыщ1экIуар жьэр зэщIэтхамэ, я кьэпIыпым кьыпхущытхъунущ, хьэ вейри дыщэ кьыпщагъэхъунущ. КьагъэпцIэфым сащыщкъым сэ! «Куэд кьысхуебгъэкIуэкIынущ уэ!» - жьысIэри си Iэр кьэпхэмкIэ сшиящ: езым сызыжьрыреIэ кьэпым илыир.

- Зыгуэр кьэсщэ хунут...

ЛIыжьым и щхьэр ищIащ, «зыгуэр си сиIэщ» жьыхуиIэу.

- Сыт уиIэр?

- Псори сиIэщ, мащIэ-мащIэу.

- Сепль хьуну?

- ФунткIэ сщэркъым.

- Зы Iэгубжьэ кьыскхуэшэчтIэ.

- IэгубжьэкIи сщэркъым.

- Зы Iэбжьыб кьэпшэн хьункъэ?

- Iэбжьыби хьунукъым.

Укъэт эмакъькIэщIынтэкъэ абдежьым! Зы кьэп псо кьызэгъэщэхуну аращ эщщэ! Щ1ыгугъ абы! Уэр нэжьрэ сынэхъ дела сэ? Щхьэ уп1ащIэрэ, лIыжьы! Сэ уэ уи пыIэкур кьизмыудмэ, си пэр уэзгъэпIэнщ!

- Хущхьуэр сшэчыркъым. ПIальэкIэщ зэрысщэр. Жуеймэ, махуэ пIалъэ уэот, кьэуэ жьалIэрэ - махуипщI пIалъэ. ИгъащIэкIэ пхуриикъуи уэстынущ, бдэнымэ.

Седэуакъым. Кьэгубжьрэ сыщIихужмэ, сыхэкIыжакъэ хущхьуэм!

- МахуипщI пIалъэкIэ кьыззэщэ.

- УэзрегуакIуэщ. И уасэр итIанэ кьызэпстыжьнщ.

- КьызэрызэпщамкIэ тхьылъ уэстын хуей?

- Хьэуэ, тхьылъ кьеIыхсыркъым. Дзыхь яхуэщ.

Сыдыхьэшхакъым, сыкъыщIитхъыжьэ кьызэрмри. Хьэуэ, сыкьыгъапIэ хьункъым мы-бы, дзыхь кьыщIыхсуищкIэ. «Згъэзэн хунщ», - жьыслащ сигукIэ. Псом щыщи тIэкIу-тIэкIу кьэсцэхунщи, уэрамым щисIэкIутыжьынщ - си сыт хэкIуадэ-зегъэхь. Апхуэдэ гукъыдэж сиIэкъым сэ. Иджыпсту схущIыхьэрыжьыкъым, итIанэ кьакIуи, сыбдэуэрщэрынщ.

- Мыр хьэлэл хущхьуэщ. Псым хэкIути, хэгъэтIкIух, хэткIухэ нэужь, зумыIэжьэж, занщIэу ефэ. Дыджкъым, ущымышынэ. Сэбэп кьыпхуэмыхьуэ, и зэран кьокIыжкъым. Дакьикъэ зыбгъэтущIкIэ кьыппкърыхьэнущ.

- АфIэкI хэлъкъэ?

- Хэлькъым. Махуипщ1кIэ пкърыкIыжынукъым. Умгу ирихьмэ, кьытегъаэз: иджыри уэстынщ.

ПцIы кьыскхуиупсыфэ т еткъым лIыжьым. Сефэнщи, кьызищIэм сеплынщ.

ЩIыIэ-щIыIэу сигу кьэкIащ асыхьэтым: щхьухьмэ-щэ! ЛIыжьыр си щIыпэлъагъущ, щхьуэ кьызизкIи зурад иIэмэ, сущIэрэ? ЦIыхум кIэ зэрариттын щхъухьспсыхь зэхихьхауэ ищIэмэ, сыунэхъуакъэ!

ТхылъымпIэ сэмбым сеплащ. ЛIыжьым сыкъыхуздэпльеижащ: быдэ и анэ гъырщкъым!

- Мыбы афиян е щхъухь хэпльмэ...

ЛIыжьым и фэр зэкIуэкIащ, игу кьыскхуэпльри.

- Абы игу кьэкIам епль! Апхуэдэфэ стет сэ? Кьащтэ мыдэ! Хущхьуэр кьызэтэжьи, зыщIегъэж!

- У игу кьызумыгъабгъэ, тхьэмадэ, - щIэсльэфыжащ си псальэр. - СыгушIащ. УгубкьыгъуафIэщ у э сэ слъагъур! ЩэхуакIуэ уиIэнкъым, апхуэдэ хьэл пхэпльэ. Тыкуэным Iэджи кьыщIыхьэнущ - хьэл зырыз зимыIэ щыIэкъым. ЯхуэтэмакъкIыхь...

- Аслъэтым сигу кьэкIам епль! - ТэмакъкIыхь хущхьуэ уиIэ?

- СиIэщ.

- УиIэмэ, щхьэ уемыфэрэ?

- Сефэркъэ! ТэмакъкIыхь хущхьуэ семыфатэмэ, фэ хьэлныщэ кьомыр фыскхуэшэчынт сэ! ЛIыгъэ хущхьуэ, гумащIэ хущхьуэ, гу кьабзэ хущхьуэ - сэ симыIэр укIуэдыж! КьыщIэупщIэларкъымэ, аракъэ сыщIызэгъуэдыр! Сызэгъэпыху, тэмакъкIыхь хущхьуэ сефэрурэ, кьыскIэщIэухащ, тIэкIунитIэщ кьыскхуэнэжар. Модрей хущхьуэхэри ящхэрыкъым. Мес, кьэпым зэризщ, хэщIалакъым. ЦIыхум сахуэупсэнщ жыслати, сызыхьащIкIырыкъым. Епльыт мо кьэпхэм: унякъуэ яхэткъым. Ящэхуркъым си хущхьуэр, цIыхур кьыщIэупщIэркъым!

Сигу щIэгъуэщ лIыжьым. Жэщи махуи щIэтщ тыкуэнныр, хущхьуэр и куэдщ, кьыщIэупщIэр мащIащ, зыщэхур нэхъ мащIэжщ. Хэпльэгъуэщ лIыжьым и Iуэхур.

Адрей кьэпхэми сыщIэупщIащ.

- Мо кьэп гъуэжьыжьым илыир сыт?

- Гумащ1э хущхьуэ.

- Модрейм-щэ?

- Гу кьабзэ хущхьуэ.

- Бжэ кьуагъым кьуэт кьэпым сыт илыир?

- Цыхугъэ хущхьуэ.

- Мо планэпэм дэтым-щэ?

- Нэмысыфэ хущхьуэ...

СыщIэупщIэурэ, кьэпым иль хущхьуэхэр зэзгъэщащ. Тыкуэныкъэр зэлуэ зэпытщ, кьыщIыхьэр щащIэщ арымыхьу.

Хьэуэ, делэкIэ уеджэнжьым лIыжьым. ТэмакъкIыхь хущхьуэ ефэнтжьым, делэтэмэ. Псом щыщи зрихьэлIэнти, нэхъ губзыгъэрэ нэхъ Iущрэ дунейм тетынтжьым. Дунейр кьыхуэнатэжьэ итIанэ? ЛIыжь тхьэмыщкIэ! Мы тыкуэныжь цIыкIум щхьэ зыщIэбгъэжIуэдэжрэ? Дуней псор зыIэщIэпльхьэфынут уэ?..

Сигу щIэгъуауэ, лIыжьым жесIащ:

- Тхьэмадэ! И гъащIэр псыхэкIуадэ хьуауэ кьысфIощ. ЖыIпIэр пэжмэ, уэ щхьэ уемыфэрэ уи хущхьуэм? Уефатэмэ, дунейм псоми я тепщ эхьынут! Мы тыкуэныжь цIыкIум щхьэ зыщIэбгъэжIуэдэжрэ? УщIэззыщхьакъэ мыбы? Гу щыпхуакъэ?

ЛIыжьыр ней-нейуэ кьыззэпльащ. «Мы дуненягъэм сыт хэпщIыкIрэ?» - жиIа хьунщ игукIэ.

- Уи чэнджащым сыпэпльа уи гугъэрэ яджыри къэс? Ар сигу къэмыкIауэ ара кьыззэрыпщIыхьур? Мыдэ кьыззэдаIуэ, си ныбжьэгъу, у - жиIащ лIыжьым. - УцIыкIей хуэдэ кьым уэ. КьэтIысы, сэ ныбжьеIэнум кьедаIуэ. Си Iуэху кьызэрекIуэкIар бжесIэнщ. Мо кьэпхэм ярыпь хущхьуэм сызэмыплъа яхэтыжькъым. ЛIыгъэ хущхьуэ, гу кьабзэ хущхьуэ, гумащ1э хущхьуэ - зззмыхьэлIа кьызэгъэнэжакъым. КърикIуари сыт жьIэт? Сигурэ си щхьэр зэбгъэжа фIэкI, нэгъуэщI кьыскхуэкIакъым. Цыхум цIыхуфэ кьатезгъэуэн си гугъащ. Сыщыдуэгъуэ - лIи кьызэпщIэнур? Сапэльэщащкъым, сэбэп сахуэхъуфакъым - си лажьэр Тхьэм ищIэнщ.

ЛIыгъэрэ цIыхугъэрэ пхэльмэ, уи гум кьабзэмэ, умыщхьэхуещэмэ, цIыхум уакьыхэщIын уи гугъэ? Абы хуей цIыхур? Си хущхьуэр зэрапхэынт, щхьэр цIыхугъэ, кьабзагъэ, напэ хуейтэмэ! Хьэуэ, ди зэманым абы зыри хуеижькъым - цIыхугъи, кьабзагъи, напи. Мыпхьку уиIэмэ, а псор лейр, узыхуэмей хьэпшыпщ. Ар кьызыгурымыуэращ си хущхьуэр зыщэхунур. НэгъуэщI кьыщIэупщIэнукъым си хущхьуэм.

Си кьэпхэм ильэ хущхьуэм сызэмыплъа кьэнэжакъым. Кьыскхужалари пщIэрэ? «Делэ хьуащ, и щхьэр зэтесыжкъым!» - аращ кьыскхужалар. Тыкуэным сыщIэкIыжыркъым апхуэдэ псалъэ фIей кьызэрызадэ лъандэрэ.

Сыт кьыскхужыIэ иджы. Делафэ кьызэрыщIэпплъри сольагъу, дзыхь кьызэрызымыгъэзри сощI. Делафэ зрагъэ щIэныгъэ. Сыт щIэмыхьунур? Сыт щIэмыхьунур? Сыт си хущхьуэр?

Хущхьуэр псым хэздзащ, зэтхIуахьыу сыпэпльри, сефащ.

Си шхальэм нэса хьунтэкъым, хущхьуэр щызыхьэщIам. Си гур IэфI кьэхъуащ асыхьэтым, си лъакъуэр бдзапIэ фIэхьухьа кьыскфIэщIри, псынщIабзэ сыхьащ, дамэ кьыстекIа хуэдэщ, тIэкIунитIэ укъыскщIэрыIэмэ, сылъэтэн хьэрыщ. Псом яп сигу зыщIэгъуар тыкуэнтет лIыжьыщ. Цыху насыпышэкъэ! МащIэ щIауэ щIэт тыкуэныжь цIыкIум! ЗэхащIыкIырым, и хущхьуэм щIэупщIэ иIэным. Щ1ымыIэр сыт? ЦIыхур щхьэхуещэ, бзаджэжаджэ, фыгъуэнэд, цIапIэ хьуащи, аращ щимыIэр! IэплIэ есэжкIри, лIыжьым жесIащ:

- УмыгъэщI дяпэкI! Уи гуныкъуэгъэуэр си гуныкъуэгъуэщ, уи гуауэр си гуауэщ, Си гъащIэр кIыхьмэ кIэщIми, сыуухыу, зэгъэпэжыщ! Нобэ щыщIэдзауэ уи шынэхъыщIэ сыхуэдэщ. «Мыр щIэ!» жьыхуэпIэр сщIэнщ, кьыстеплъхьэр си хьэльэщ! - Хущхьуэр кьызэрыспкърыхьам шэч хэльъкъым.

- Тхьэразэ кьыпхухьу, - жиIащ лIыжьым. - ДэIэпыкъуэгъу сыхуэныкъуэжьым эзэкIэ. Кьынэмыщ1ауи, мазхуипщI и щхьэ ущхьэгъэлынур. Псалъэ кьыщIэзэптыни тхьэ кьыщIыхсуэпIэуни щIэжьым - абыкIэ уэзэгъэзэхьакъым сэ.

- Хьунщ! - жесIащ лIыжьым. - МахуипщI пIалъэ кьызэпттащи, спкърыкIыжмэ, кьытезгъэзэнщ.

Ухьэлэ лмэ, цIыхум фIы яхуэщIэмэ, абы щIагъуэ щыIэ! Тыкуэнтет лIыжьым кьыскхуидакьым ар:

- Уи гъуэгу ирикIур, си щIалэ. Ди анэ си бжьыкъ ящыкIымыпх! Сэ сымыгъэунэхуа хэлькъым мы Iуэхум.

ЛIыжьым зыри пэздзыжакъым, и псальэр сфIэфI мыхуами.

Тыкуэным сыкъыщIэкIыжьнуиуэ, и чэзу кьыкIуащ. Ахьшэ зэрысIимыхьнур кьызжиIащ. Ахьшэ гуэр кьызэмыгъэнауи сыкъыщIэкIыжьфыкIрыкъым тыкуэным - си гум идэркъым. ЛIыжьым сызэхащIыкIамэ, я щхьэрат зи сэбэпыр. Сыщ1ыззхамыщIыкIкIэ, си пIэ сисыжьнщ. Мы тыкуэн цIыкIум зыми сыщIихуфынукъым...

ЛIыжьыр щым хьужащ. Сопльри, сигу щIогъу лIыжьым: псалъэ пхухэдзыну кьым жиIэм. ИтIани согупсыс: «Уи кьущхьуэм щэ упщIэ имыIэу жыIоIэ. Уэзэгъгъэзыхьыр хэт? Щ1эупщIэ зиIэ хущхьуэкIэ щыIэ сату! НапитI хущхьуэ, бзитIщхьитI хущхьуэ, кьэрабгъэ хущхьуэ, икIагъэ хущхьуэ, цIапIагъэ хущхьуэ пщэ хьунукъэ? ЗэрапхъэжкIэ мокьу апхуэдэ хущхьуэр! ЦIыхур аращ иджыпсту зыщIэупщIэри зыхуэныкьуэри...

А псор лIыжьым жесIакъым: и гум сыт щхьэкIэ сеуэнт? ЖесIар мыращ:

- Уи сатур мыкIуэмэ, нэгъуэщI хущхьуэжькIэ сату щхьэ щIэпхуэдизкIэ? ПIышэпс хущхьуэ, псалъэм

●Гъуэгу къежьапIэ

Нэхъыжь хэм жаIэн я кУэдт...

«XXI лIэщIыгъуэм и пашэ»

Налшык къалэ дэт «Кхъужьей хадэ» санаторэм тхъэмахуэ кIуам кьыщыдзэIуахаш «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» щIалэгъуалэ лагерыр.

АБЫ ХЭТЩ республикэм и къалэ хэмрэ куейхэмрэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм щытекIуа сабий, щIалэгъуалэ зэгучьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр.

Гупитlу («Дыгъэм и бынхэр», «Альфа») зызыгуэша ныбжьыщIэхэм дахэу кьызэIуаш щалэгъуалэ Iэхуэхэмрэ жьылагъуэ зэгучьэныгъэхэм я зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуаш.

ИужькIэ ныбжьыщIэ 36-м Iэмал яIащ БкЪР-м щIалэгъуалэм я Iэхуэхэмрэ жьылагъуэ зэгучьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Пащты Борис, Налшык къалэ администрацIэм щIалэгъуалэ Iэхуэхэмрэ жьылагъуэ зэгучьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и кЪудамэм и лIыкIуэхэм, санаторэм щыIэху къедалэжьэну Iэщ1агъэлIхэм епсэльэну.

ЗэйущIэ къыщыдзэIуихьм Пащты Борис жиIащ къэралым и Iэтащхьэхэми, республикэм и унафэщIхэми дыдэрэ лъэхъэнэм япэ ирагъэщ IуэхугъуэхэуныкIи. Ауэ абы къыхIощ къым, фызыхуей псори фи пащхьэм къральхьну, атIэ фызыщхьэупсэ зм япэ лъэбакIуэ хуэзыучын хуейр фэращ, фи жэрдэмхэр жыджэру къэвгъэльэгъуэфу щытыпхъэщ. Иджыпсту Урысей Федерацэм щIалэгъуалэм я зэфIэкI къагъэльэгъуэныкIэ Iэмал куэд ярет, сыт щхьэкIэ жьипIэм, ар къызыжу энэнур ахэрщ икIи къэралыр зезыхьэрыН, абы зезыгъэужьын Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэм хуэ ныкъуэщ. Апх уэдэу фыкьыщIэкIыну, щIалэгъуалэ лагерым щызэвгъащIэхэр гъащIэм хуэпсыкIуэ. Апх уэдэу фыкьыщIэкIыну, щIалэгъуалэ лагерым щызэвгъащIэхэр гъащIэм хуэпщIафIэу къыщыгъэсэбэпыну си гуапэщ.

Щалэгъуалэ псапащIэ фондым и унафэщI Кьыщыкъуэ Иринэ кьыхигъэщащ и гуапэу Iуэхум кьыззэрыхьыхьар, щIблэр гъуэгу зауэ хуэ тешэным, я зэфIэкIым зегъэужьыным тегъэгушхуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Мазхуэ зыбжанэ хьуауэ санаторэм щыIэ ныбжьыщIэхэм езыхэм жаIэни я кУэдт, я мурадхэри нэхъыбэжт.

Пащэм Iэмал имыIэу хэпльн хуей хьэл-щэнхэм Иринэ щыщIэупщIэм щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ жэуапу кьатащ ар жыджэру, гупсысэ пыухыкIа иIэу, ар пхигъэкIыфу, псэльэгъу гъэщIэгъуэну , Iуныдж иIэ у, щIэ кьыхуащIу щытын зэрыхуейр. Апхуэдэ хьэлщэнхэр зыхалъхьауэ зэфIэгъэдкIыжьну гугъэ ныбжьыщIэхэр щIэльэIуащ район зэхуэмыдэхэм щыщ щIалэгъуалэ жыджэрхэр щызэIущIэм, щызэпеуэн Iуэхугъуэхэр дяпэкIи кьыхуэзрагъэпэщыну.

ЗэрызэрыщIыхурэ махуэ зыбжанэ фIэкIа мыхъуаами, республикэм и щIэблэр ныбжьэгъу зэрызэхуэхьуар кьапщIэу гумащIагъэрэ гуапагъэрэ яхьлъ зэбгъэдэсащ, я упщIэхэми жэуап ягъуэтарэ кьулыкъущIапIэхэм щылажьэхэм я чэнджэщэмкIэ арэзы хьуауэ зэбгрыкIыжащ.

НЭЩIЭПЫЩЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

«Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъым и лъэтеувэ щышхь щекIуэкIащ Щоджэщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым.

●Лъэтеувэ пшыхь

«Шыхулъагъуэм и вагъуэхэр»

ИУЖЬРЕЙ зэманым Интернетыр гъащIэм щытепщэ щыхьум, цIыхум тхылъ еджэнри яIэщIэху хьуащ. Ауэ лIэщIыгъуэ къэс, цIыхухэр нэхъ гугъу дыдэ щехь зэманым ирихьэлIэу, лъэпкым дэп жьэражьэ хуэхьуну зыгуэр кьыхэмыкIыу кьанэркъым. Лъэпкъ литературэр ужьых хьужьыкIуэмэ, абы дэп жьэражьэ хуэхьуну щIэблэщ а пщыхьэщхьэм утыку кэрахьа тхылъым эи Iэдакъэщ1экI ихуахэр.

«Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъыр «Шыхулъагъуэм» литературэ хасэм и япэ тхылъкъым. Абы и пэ кьихуэу кьыдагъэкIауэ щыта «Кьудамэщ1э» тхылъри апхуэдэу ягъэльапIэу, КьБР-м Щэнхабзэмкlэ министерствэм лъэтеувэ пшыхь дахэ ищIауэ щытащ. Мы пшыхьри зи нэIэ щIэту екIуэкIа щэнхабзэмкIэ министерствэм и тхьэмадэ Фырэ Руслан зэIущIэр кьыз1эIуэну псалъэ щратам жиIащ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и тхьэмадэ тхакIуэ Хьэх Сэфарбий лъэпкъ литературэм и кьэкIуэным папщIэ куэд дыдэ зэрищIэр.

- Сэфарбий и лжьыгъэр дэIэтын, дэIыгъын хуейщ. Лъэпкъ литературэм и дежьэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэр лъэхъэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Мыпхуэдэ Iуэху дахэ кьефхьэкъэху дэ ди гуапэу вдэтIыгъынущ, вдэдгъэпсынщIэнущ, тхузэфIэкIэхэм папщIэ тхылъ зыбжанэ кьыдэзыгъэкIа Къэзан Фатlимэ, гъащIэ кIэщIым и зы жэщ кIыхьым набдзэгубдапльэу кIэльыплъыфа ГъукIэ Маринэ сымэ. Дзэгъащтэ Азэмэт куэдым гурыхь ящыхьуа пародие теплъэгъуэ игъэльэгъуащ. Инджылызыбзэр адыгэбзэм кьизыгъэтIасэ зэдзэкIакIэр Къашыргъэ Иннэ псалъэ щратам пэшым щIэхэм захуигъэзащ я напэ, я пщIэ, я бзэ емыщIыкьыну.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ, КъБКъУ-м и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор Бакъ Зерэ. Фырэ Руслан и псальхэм кьыпищэу абы жиIащ кьыдэкIуэтей щIэблэмрэ иджыпсту бзэм, литературэм, щэнхабзэм телажьэхэмрэ я зэхуакум зы кьэупс гуэрэ зэрыщыгъэпычар.

Утыку кьохь филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Тымыжь Хьэмыщэ. Ар тепсэльыхьащ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэм.

АдэкIэ кьэпсэльащ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм кьекIуалIэу щыта, зи Iэдакъэщ1экIхэмкIэ адыгэ щэнхабзэм piaр дыдэкIэ хуэва усакIуэ, журналист, «Жан» бзылъхугъэ зэгухьанныгъэм и гуащ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къанокъуэ Заринэ.

ЗэIущIэм и кIэухыу кьэпсэльащ тхылъыр кьыдэгъэкIыным хуэзыгъэхьэзыра, хэлъэжьыхьжа, тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм ядэлажьэ, «Шыхулъагъуэ» литературэр хасэм и унафэщI Хьэх Сэфарбий.

- Нобэ мыбдеж кьихьа щIалэгъуалэр, псом япэрауэ, я бзэм, я анэдэлъхубзэм епIыжу, нэхъыбэм кьагурыIуэнущ, нэхъ жьыжь унишэсынущ жаIэу нэгъуэщIыбзэкIэ тхэн абыхэм щIадзэкьыми, аркъудэм щхьэкIэ абыхэм пщIэ лей кьалэжьу сэ кьысщохьу. Утыку кьихьа ныбжьыщIэхэм тхакIуэ, усакIуэ хъуну сащымыгугъуу зы цIыхуи яхэткъым. Уеблэмэ абыхэм яхэтщ щхьэхуэу зи тхылъ кьыдэкIаХэри.

Ныщхьэбрей пшыхьым кьекIуэлIаХэми, зэIущIэ кьызэгъэпэщыныкIэ щIэгъэкъуэн кьытхуэхъуа, ди пшыхьыр зи уэрэдхэмкIэ зыгъэдха псоми ину фIыщIэ фхуэощI. Сигуапэ мэхъу дэзэкIыр щыхьэ мыпхуэдэу кьызыгурыIуэщIэу, ди IуэхущIафэр кьыддэзыIыфэ зэрымымащIэр», - жиIащ Хьэх Сэфарбий.

ЗэIущIэр игъэзэщIащ КъБКъУ-м и «Амикс», «Стимул» уэрэджьIакIуэ гупхэм, апхуэдэуи Жамбэч Рабия и псальэ зыщIэлъ уэрэдыр игъэзэщIащ уэрэджьIакIуэ ЩIанкIэ Роман. «Стимул» гупым игъэзэщIащ « Кьыслухуэгъэгъу» уэрэдыр. Абы и псальэхэри макъамэри зейр Фырэ-Кьаныкьуэ Анфисэщ.

ДЖЫЛА ХЪЧТЭН ПIуТI.

Тырныауэ къалэм Абаев Сультlанбэч и щIэр зэрихьэу щыIэ ГъуэзджэхэмкIэ сабий школым зэхьихьэ гуапэ щекIуэкIащ. Илъэс 25-м щIигъуэуэ лъагъуныгъэ, пэжыгъэ, зэгурыIуэ яку дэлъу зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм я ныбжьыщIэ дамыгъэ - «Лъагъуныгъэм зэрыхуэлажьым папщIэ» - медалыр хуагъэфэщащ.

Шэджэми, Шэрэджи

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэ КъБР-м щыIэм и унафэщIхэм милицэм и лжьакIуэ ауэкIахэм къащIэна сабий 60 Шэджэм псыкъелъэхэм зыптыхьхакIуэ ящащ.

АБЫХЭМ хъырщынрэ шашлыккIэ затIыжащ, я нэгу зиужьащ, сурэтхэр зытрагъэхащ.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхуагъуэм трауХуа зыгъэгъэужьхъэм ящыщу мыр япэщ. КъБР-м щыIэ МВД-м кьулыкъущIэхэм ядэлэжьэныкIэ и кЪудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Маржэхъу Руслан зэрыжиIамкIэ, сабийхэм зыщрагъэпIыхьныпущ «Гуэл Щхъуантlэхэм», ахэр яшэнущ Болгариием зэрыщыгъэр ирагъэфIакIуэ и лагерь нэхъыфIхэм ящыщ зым.

АЛЪХЪЭС Къазбэч,
КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

●Iуащхьэмахуэ куей

Унагъуэм, лъагъуныгъэм я махуэр ягъэлъапIэу

Сультlанбэч и щIэр зэрихьэу щыIэ Гъуэзджэхэмкlэ сабий школым зэхьихьэ гуапэ щекIуэкIащ. Илъэс 25-м щIигъуэуэ лъагъуныгъэ, пэжыгъэ, зэгурыIуэ яку дэлъу зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм я ныбжьыщIэ дамыгъэ - «Лъагъуныгъэм зэрыхуэлажьым папщIэ» - медалыр хуагъэфэщащ.

КъБР-м и «Бзылъхугъэхэм я советым» мы куейм щIиIэ кьудамэм и унафэщI **Ахматовэ Марьям** зэIущIэм кьрихьэлIэжьым мыхуэдэ псалъэкIэ захуигъэзащ: «Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжьыным я махуэр щIагъэувар а кьедбжэкIам нэхъ насып зэрыщымыIэр, щIэблэм зиужьыным ар и кьежьапIэу зэрыщытыр жьылагъуэм зьэкъщащIынраш».

Район администрацIэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Афашокова Раисэ пшыхьым кьрихьэлIахэм щекъуэхъуми араш зытригъэщIащ: «Мы махуэр ягъэлъапIэ унагъуэр хъумэнымрэ зэкъуэгъэзыжьымрэ, цIыхухэм хьэл-щэныфIхэр яхэлъыным тещIыхьауэ. Унагъуэм и лъапIэныгъэр кьигъэлъагъуэу махуэшхуэм и дамыгъэ хьуа шынэ-шынэр (ромашкэр) унагъуэ узнышэм, быдэм и нэщэнэу Урысейм зэрызиужьым и дамыгъэхэм папщIэ тхылъ зыбжанэ кьыдэзыгъэкIа Къэзан Фатlимэ, гъащIэ кIэщIым и зы жэщ кIыхьым набдзэгубдапльэу кIэльыплъыфа ГъукIэ Маринэ сымэ. Дзэгъащтэ Азэмэт куэдым гурыхь ящыхьуа пародие теплъэгъуэ игъэльэгъуащ. Инджылызыбзэр адыгэбзэм кьизыгъэтIасэ зэдзэкIакIэр Къашыргъэ Иннэ псалъэ щратам пэшым щIэхэм захуигъэзащ я напэ, я пщIэ, я бзэ емыщIыкьыну.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ, КъБКъУ-м и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор Бакъ Зерэ. Фырэ Руслан и псальхэм кьыпищэу абы жиIащ кьыдэкIуэтей щIэблэмрэ иджыпсту бзэм, литературэм, щэнхабзэм телажьэхэмрэ я зэхуакум зы кьэупс гуэрэ зэрыщыгъэпычар.

Утыку кьохь филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Тымыжь Хьэмыщэ. Ар тепсэльыхьащ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэм.

АдэкIэ кьэпсэльащ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм кьекIуалIэу щыта, зи Iэдакъэщ1экIхэмкIэ адыгэ щэнхабзэм piaр быдэкIэ хуэва усакIуэ, журналист, «Жан» бзылъхугъэ зэгухьанныгъэм и гуащ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къанокъуэ Заринэ.

ЗэIущIэм и кIэухыу кьэпсэльащ тхылъыр кьыдэгъэкIыным хуэзыгъэхьэзыра, хэлъэжьыхьжа, тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм ядэлажьэ, «Шыхулъагъуэ» литературэр хасэм и унафэщI Хьэх Сэфарбий.

- Нобэ мыбдеж кьихьа щIалэгъуалэр, псом япэрауэ, я бзэм, я анэдэлъхубзэм епIыжу, нэхъыбэм кьагурыIуэнущ, нэхъ жьыжь унишэсынущ жаIэу нэгъуэщIыбзэкIэ тхэн абыхэм щIадзэкьыми, аркъудэм щхьэкIэ абыхэм пщIэ лей кьалэжьу сэ кьысщохьу. Утыку кьихьа ныбжьыщIэхэм тхакIуэ, усакIуэ хъуну сащымыгугъуу зы цIыхуи яхэткъым. Уеблэмэ абыхэм яхэтщ щхьэхуэу зи тхылъ кьыдэкIаХэри.

Ныщхьэбрей пшыхьым кьекIуэлIаХэми, зэIущIэр кьызэгъэпэщыныкIэ щIэгъэкъуэн кьытхуэхъуа, ди пшыхьыр зи уэрэдхэмкIэ зыгъэдха псоми ину фIыщIэ фхуэощI. Сигуапэ мэхъу дэзэкIыр щыхьэ мыпхуэдэу кьызыгурыIуэщIэу, ди IуэхущIафэр кьыддэзыIыфэ зэрымымащIэр», - жиIащ Хьэх Сэфарбий.

ЗэIущIэр игъэзэщIащ КъБКъУ-м и «Амикс», «Стимул» уэрэджьIакIуэ гупхэм, апхуэдэуи Жамбэч Рабия и псальэ зыщIэлъ уэрэдыр игъэзэщIащ уэрэджьIакIуэ ЩIанкIэ Роман. «Стимул» гупым игъэзэщIащ « Кьыслухуэгъэгъу» уэрэдыр. Абы и псальэхэри макъамэри зейр Фырэ-Кьаныкьуэ Анфисэщ.

ДЖЫЛА ХЪЧТЭН ПIуТI.

●Спорт хъыбархэр

Гимнастикэ

ЕтIуанэ увыпIэр дыдейщ

Сочэ щекIуэкIащ спорт гимнастикэмкIэ «Черноморская чайка» урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэ 30-м я лIыкIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIащIэхэм я команд къыхэхам етIуанэ увыпIэр къыхьащ.

ХЪЫДЖЭБЗ цIыкIухэм я тренер Тавиловэ Наталье щIыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, и гъэсэнхэм хъварзынэу зыкъагъэлъэгъуащ икIи кьыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдыну мэгугъэ.

КъБР-м и командэ къыхэхам хэту Сочэ щыIащ Елчэнэр Дианэ, Мамбэт Каринэ, Алэ Валерие, Соблыр Ланэ сымэ.

Бильярд

Езырат нэхъ IэкIуэлъакIуэр

Тэрч - Малкэ къэзакъыдзэм и япэ атаман Клевцов Михаил и щIыхькIэ бильярдистхэм я зэхьэзэхуэ Котляревскэ станицэм щекIуэкIащ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ фIыщIэ яхуищIри, езы Клевцов зэпеуэм хэтыну гукъыдэж ищIащ, япэ ивыпIэри кьихьащ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэкэр зэдагъэущащ Недугов Александрэ зэпеуэр кьызэзыгъэпэща Канныник Алексейрэ.

Май район администрацIэм щIыхь тхылъхэр, кубокхэр, медалхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ текIуахэм яритащ. Зэхьэзэхуэр кьызэзыгъэпэщахэм мылъкукIэ защIигъэкъуащ КъБР-мкIэ щIы-кадастр палатэм.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Ахъшэ ират, жэуапыр щхьэщах

Кьэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI «Iэщэ» лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, 1963 гъэм кьалъхуа налшыкдэсым кьалэ УВД-м кIуэри гранатэрэ ар кьызэрахьауэ УЭРГМ-2 Iэмпэсымрэ ятащ.

Щыхухъэм зэрыжиIамкIэ, Iэщэ Iэмэпсымэхэр мэкъуэгъэгъэм и 28-м Мэлбахъуэмрэ Хмельницкэмрэ я уэрамхэм я пIанэхэм кьыщигъуэтащ. Полицейхэм ахэр экспертизэм игъэхьащ, ищхьэкIэ ягъэхьэзырынущ ахъшэу абы пэкIуэр зэрыратыну тхыль.

Фигу къэдгъэкIыжьыну, Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу хабзэм кьемыдзэрыгъэ ящхьэ Iэщэр, абы иралъхьэ щэхэр, кьагъауэ пкьыгъуэхэр «Iэщэ» Iуэхугъуэр щекIуэкIыхукIэ зытыр уголовнэ жэуапым иращэлIэныкъым.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Зи IэщIагъэм хуэIижь

ЩыIэщ щыхуу и лэжьыгъэмкIэ ихьажуапльнигъэр зыхищIэрэ пылъхьэнщэу игъэщIэу, абы дэрэжьгъуэ кьрту. «Зыпэрыт Iэщ1агъэм кьыхуигъэщIащ», - хужаIэ апхуэдэхэм. Абы и щапхьэщ мы тхыгъэр зытеухуа Емуэ ФатIимэ.

ФАТIИМЭ Исльэмей (Кьызбрун ЕтIуанэ) кьуажэ школыр фIы дыдэу кьиухри, Налшык дэт медучилищэм щIэтIысхьащ. Дипломыр кьыззэрыIэрыхьэ у, абы лэжьэн щыщIидзащ жьэн узыфэхэм хуэхэуэу Налшык и «Дубки» хьэблэм щыIэ диспансерым.

Емуэхэ нысэ щахуэхъуам, илъэсиплIкIэ щылэжьа Iэнатlэр кьигъанэри, Налшык дэт поликлиникэ №2-м и къэкIуэжащ, зыхэхуа унагъуэм зэрапэгъунэгъуэм кьыхэкIыу.

Абы льандэрэ илъэс 23-рэ мэхъури, ФатIимэ а Iэнатlэм пэрытщ. Мы бзылъхугъэр зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI, щытхъу куэд зыхуэкIэ медсестращ. Езым зэрыкиIэщи, махуэ кьэс абы щIыхуи 100-м нэблагъэм мастэ яхелъхьэ, анализ щхьэкIэ лы зытхэри ях эту.

- Сэ медучилищэр кьыщызухэм, илъэсищ-плIы хуэдэ сылажьэмэ, ди университетым сыщIэтIысхьэжу дохутыр сефж эну сыщIэхъуэпст, ауэ унагъуэ сихьэу бынитI гъэхэм хуэхъуэу, си Iуэху хуэкIуэжакъым, - кьыддогушэ ФатIимэ. - Дауэ щытми, училищэр кьызэрызухами сыхущIегъуэжыркъым. Уэым ирыдауэ кьысхуэкIуэ сымаджэхэм мастэхэ сеIэзэурэ нэпльэжьагъуэ зэрагъэтыр щысльагъукIэ, си гур хохьуэ, си лэжьыгъэм нэхъри сытрегъэгушхуэ.

Емуэлр зэIззэхэм сыт щыгъуи гуапэу яхущIту. Зэрылажьэ илъэсипщI бжьыгъэхэм кьриубыдэу зыми ильэгъуакъым ар къэгубжьауэ е пхъашэу сымаджэхэм епсальауэ.

- ФатIимэ ди лэжьакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Нэхъыщхьэращи, ар хабзэ, нэмыс зыхэль щыху гъэсащ, и кьалэным хуэпэжщ, - жиIащ поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ Кьаноокъуэ Маритэ. - Сэ мы Iуэхущ1апIэм илъэс 24-рэ хьуауэ сыщолажьэри, сымаджэхэр абы щыхуэмыдарэзы кьэхъуакъым. Си щхьэкIэ кьызолытэ ар щытхъу зыхуэфащэ лэжьакIуэу.

- Нужьрей зэманым си узынщагъэм кIэрыхуащи, дохутыр зыкIэлъыхьмыгъэлIыу хъуркъым. Мастэ кьыхсхьэ хьэн хуей хьуамэ, ди гъэнэгу 4-нэ поликлиникэр кьэзгъанэуэр 2-нэм сыкьоIуэ, ФатIимэ зэрыIэпэщабэр сощIэри, - жеIэ Налшык щыпсэу Табаксоевэ Марьям. - Ар и Iэщ1агъэм апхуэдизкIэ хуэIэзэщи, пщIэнкъым мастэ хэлъхьэным кьыхуигъэщIа фIэкIа. А дыхьэ щыкIыр Iэщ1агъэ кIыхь хьуну, ехьулIэныгъэ, узынщагъэ и кьуэдзэ ди гуапэщ.

Апхуэдэу гум ехуэбылIэ щытхъу зыкIэлъыхьмыгъэлIыу ягъэпэжащ.

УРЫМ Жанджэрий.

●Щапхьэ

Емуэ ФатIимэ

«Хабзэм и хъумакIуэхэр»

Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федералнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэ и журналист лэжьыгъэ нэхъыфIхэр къыхэхыным тегъуэуа «Хабзэм и хъумакIуэхэр» республикэ зэпеуэ.

●Гу зылъытапхъэ

АР ХУЭУНэТIАЩ КъБР-м щыIэ уголовно-гъэззэщIакIуэ Iэнатlэм и лэжьыгъэм цIыхухэм гу лъегъэтэным, зыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм зэрапыщIар гъэбыдэным, къэралым и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм хиубыда мы системэм бгъэдэтхэм я фIыщIэ гъэIуным.

Зэпеуэр зэрыпаIуэ зыбжанэкIэ ирагъэкIуэкI. Журналистхэм кьагъэхъуну Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм ятеуэуа тхыгъэхэр, видеорепортажхэр, фильмхэр, тхылъхэр.

Зэпеуэм щытекIуэхэм саугъэтхэмрэ дипломхэмрэ иратыжынущ 2012 гъэм и япэ мазищым кьриубыдэу.

Ар зэрекIуэкIыну щыкIэм нэхъ куууэ щыгъуазэ зыхъэфщI хуэунущ 49-59-рэ телефонымкIэ.

Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федералнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Жьхэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зарифэ, Исэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; ещанэ щIэныгъэмкIэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федералнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыкIыжьу жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лъагъэхъэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Iетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэр Афэ Татмарэ (3, 4-нэ нап.), ПхытIыкI Юрэ (1, 2-нэ нап.), корректорхэр я дэIэныкъуэгъу БатIитIэ Марьят. Компьютерхэр I газетым и теплъэр яшащ Дол Маринэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Биту Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.879 ● Заказ №1835